**ӨЗБЕКИСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**Қол жазба ҳуқықында**
**УДК:**

**АУЕЗОВ РУФАТ ПОЛАТОВИЧ**

# Мәмлекеттиң финанслық искерлигин ҳуқықый тәртипке салыў

5А240101 – Мәмлекетлик ҳуқық ҳәм басқарыў (конституциялық ҳуқық; ҳәкимшилик ҳуқық ҳәм финанс ҳуқықы; мәмлекет ҳәм ҳуқық тәлийматы)

**Магистр академиялық дәрежесин алыў алыў ушын жазылған**

**ДИССЕРТАЦИЯ**

МАК да жақлаўға рухсат
Магистратура бөлими баслығы

___________доц. А.Б.Гулимов

**Илимий басшы:** **ю.и.к. доц., Б.А.Дауменов**
**Кафедра баслығы ў.ў.а.** **ю.и.к.доц., И.Матжанов**

**Нөкис -2015**

**МАЗМУНЫ**

**КИРИСИЎ.........................................................................................3-7**

**1-БАП. МӘМЛЕКЕТ ФИНАНСЛЫҚ ХЫЗМЕТИНИҢ ҲУҚЫҚЫЙ ТӘБИЯТЫ……………………………………………….8-24**

1.1. Мәмлекет финанслық хызметиниң түсиниги, өзгешеликлери ҳәм ўазыйпалары…………………………………………………......8-17

1.2. Мәмлекет финанслық хызметиниң формалары…………....17-24

**2-БАП. МӘМЛЕКЕТ ФИНАНСЛЫҚ ХЫЗМЕТИН ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЎДЫҢ УСЫЛЛАРЫ……………………………………..25-**

2.1. Мәмлекет пул қаржылары фондларын қәлиплестириў усыллары……………………………………………………………25-32

2.2. Мәмлекет пул қаржылары фондларын бөлистириў усыллары……………………………………………………………32-42

**3-БАП. МӘМЛЕКЕТ ФИНАНСЛЫҚ ХЫЗМЕТИН ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЎШЫ МӘМЛЕКЕТ УЙЫМЛАРЫ СИСТЕМАСЫ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҲУҚЫҚЫЙ ЖАҒДАЙЫ………………………………..43-83**

3.1. Мәмлекет финанслық хызметин әмелге асырыўда ўәкилликли уйымлардың тутқан орны.....................................................................43-51

3.2. Мәмлекет финанслық хызметин әмелге асырыўшы улыўма ўәкилликли атқарыў ҳәкимияты уйымлары ҳәм олардың ўәкилликлери...........................................................................................51-63

3.3. Мәмлекет финанслық хызметин әмелге асырыўшы арнаўлы ўәкилликли атқарыў ҳәкимияты уйымлары ҳәм олардың ўәкилликлери..........................................................................................63-83

**ЖУЎМАҚЛАЎ……………………………......................................84-86**

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ…………………87-93**

# КИРИСИЎ

**Теманың актуаллығы.** Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды жәнеде тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетин раўажландырыў шараятында Өзбекистанның социал-экономикалық тараўдағы үстинликке ийе ўазыйпаларын натийжели әмелге асырыўда мәмлекет финанслық сиясатының бюджет, салық, банк ҳәм пул айланысы ҳәм басқа элементлери әҳмийетли қураллар сыпатында анықланады.

Өзбекистан Республикаси Президенти Ислам Каримов базар қатнасықларын қәлиплестириў жолында әҳмийетли ҳәм дәслепки илажлар сыпатында кредит-банк ҳәм бюджет системаларын беккемлеў, пул айланысы, валюта қатнасықларын тәртипке салыў, басқышпа-басқыш салық сиясатын өткизиў, кәрханалардың финанслық жағдайын жақсылаў ҳәмде басқа да әҳмийетли илажлар зәрүрлигин айтып өтти.[1]

Бундай жағдайда усы илажлардың табыслы әмелге асырылыўы көплеген жағдайларда мәмлекеттиң финанслық хызметин нәтийжели шөлкемлестириўи ҳәм алып барылыўына ҳәмде усы хызметти ҳуқықый тәртипке салыўды жетилистириўге байланыслы болып, оның көлеминде барлық илаж ҳәм усыллар әмелиятта өз көринисин табады.

Мәмлекеттиң финанслық хызметин ҳуқықый тәмийинлеўдиң заман талапларына сай келиўи көплеген жағдайларда ҳуқық дөретиўшилиги хызметин жетилистириўге, әмелдеги нызамшылық нормаларын анық ҳәм қатаң түрде орынлаўға байланыслы болады.

Мәмлекет финанслық хызметиниң тәмийинлеўши орайласқан ҳәм орайласпаған пул қаржылары жамғармаларын дүзиў, бөлистириў ҳәм оннан пайдаланыў менен байланыслығы, мәмлекет ҳәм жәмийет раўажланыўында тутқан орны ҳәм әҳмийети актуал темалар қатарына

[1]Каримов И.А. Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура. Т. 1 - Тошкент: Ўзбекистон, 1996.-Б. 349.

киреди.

Усы изертлеўди алып барыў зәрүрлигин белгилеп берген әҳмийетли усыллардан және бири, ҳәзирги күнге шекем мәмлекеттиң финанслық хызметин ҳуқықый тәртипке салыў мәселеси жетерли дәрежеде үйренилмегенлиги болып есапланады.

Усы мәселелердиң илимий ҳәм әмелий әхмийети, олардың жетерли дәрежеде илимий тәрептен исленип шығылмағанлығы ҳәмде бир қатар мәселелердиң илимий тартысларға себеп болыўы усы қәнийгелик жумыс темасын ҳәм оның актуаллығын анықлап берди.

**Теманың үйренилиў дәрежеси**. Усы диссертация жумысымда мәмлекеттиң финанслық хызмети түсиниги, оның мақсети ҳәм принциплери, сондай-ақ бул хызметти әмелге асырыў форма ҳәм усыллары, финанслық хызметти әмелге асырыўшы мәмлекет ҳәкимияты уйымлары ўәкилликлери көлеми менен байланыслы болған мәселелер илимий тәрептен анализ қылынады.

Мәмлекетимизде мәмлекет финанслық хызметин ҳуқықый тәртипке салыўға қаратылған белгили бир изертлеўлер ҳуқықтаныўшы илимпазлар Ш.Б.Билалхужаева, М.И.Йўлдошев, А.А.Ли, А.А.Рахимова, Й. Турсунов, Э.Т.Хожиевлардың илимий мийнетлеринде өз көринисин тапқан.[2]

Усы илимпазлардың илимий изертлеўлеринде мәмлекеттиң финанслық хызметин нәтийжели шөлкемлестириў ҳәм оны әмелге асырыў, финанслық институтлардың турақлылығын тәмийинлеўге тийисли мәселелер ҳәмде мәмлекет финанслық хызметин ҳуқықый жақтан тәртипке салыў менен байланыслы машқалалар изертленген.

**Қәнийгелик жумыстың мақсети**. Өзбекистан Республикасында мәмлекет финанслық хызмети институтын комплексли түрде илимий-әмелий тәрептен анализлеў, оның мәмлекеттиң социал экономикалық

---

[2] Билолхужаева Ш.Б. Бюджетное право республики Узбекистан. - Т., ТГЮИ, 2008. 238 с.; Йўлдошев М.И., Турсунов Й. Молия ҳуқуқи. - Т., "Asia offset print” МЧЖ , 2004. - 240 б.; Ли А. Ўзбекистон Республикаси молия ҳуқуқи. / Масъул муҳаррир: М.Х.Рустамбаев. — Тошкент: ТДЮИ, 2004. 398 б.; Рахимова А.А., Хожиев Э.Т. Молия ҳукуки. - Тошкент, ТЮДИ, 2002. 432 б.

раўажланыўындағы орны ҳәм әҳмийетин үйрениў ҳәмде мәмлекетлик финанслық хызметине тийисли  ҳуқықый нормаларды ҳәм оларды қолланыў әмелиятын анализлеў жолы менен нызамшылығымыздағы кемшиликлерди анықлаў ҳәм оларды сапластырыўда әмелий усыныс ҳәм пикирлер ислеп шығыўдан ибарат.

Диссертация жумысының мақсети тийкарында илимий изертлеў алдына төмендеги ўазыйпалар қойылды:

-мәмлекет финанслық хызметиниң ҳуқықый тәбиятын (түсиниги, өзгешеликлери, ўазыйпаларын) жарытып бериў;

-мәмлекет финанслық хызметиниң тийкарғы принциплери мазмуны ҳәм өзгешеликлерин анализлеў;

-мәмлекет финанслық хызметин әмелге асырыўшы уйымлар системасы ҳәм олардың ўәкилликлерин үйрениў;

-мәмлекет финанслық хызметин ҳуқықый тәмийинлеўди жетилистириў бойынша усыныс ҳәм пикирлерди ислеп шығыў.

Мәмлекеттиң финанслық хызметин ҳуқықый тәртипке салыў процессинде жүзеге келетуғын жәмийетлик қатнасықлар системасы изертлеў объекти есапланады.

Мәмлекет финанслық хызмети тийкарларын үйрениўши әмелдеги нызам ҳүжжетлериниң нормалары ҳәмде оларды қоллаў әмелияты изертлеў предмети есапланады.

Изертлеўдиң методологиялық тийкарларын Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримов шығармаларындағы бюджет, салық, банк ҳәм валюта, есап-китап ҳәм басқа тараўларда финанслық сиясатты әмелге асырыў мәселелери бойынша алға қойылған концептуал, илимий, сиясий-ҳуқықый  идеялар ҳәм принциплер қурайды.

Илимий изертлеўлер алып барыў процессинде тарихый, формал-логикалық, машқалалы-мақсетли, системалылық, салыстырмалы-ҳуқықый ҳәм илимий билиўдиң басқа усылларынан пайдаланылды.

Мәмлекет пул қаржылары  жамғармаларын қәлиплестириў  усыллары

сыпатында тийкарынан мәжбүрий ҳәм ихтиярый төлемлерди енгизиў тән алынады. Сондай-ақ,заманагөй шараятларда жәрийма ҳәм финанслық крнпескация киби мәмлекет пул қаржылары жамғармаларын қәлиплестириў усыллары да көрсетилмете.

**Изертлеў объекти хәм предмети**. Мәмлекеттиң финанслық искерлигин ҳуқықый тәртипке салыў процесинде жүзеге келетуғын социал қатнасықлар системасы изертлеў объекти есапланады. Мәмлекет финанслық искерлиги тийкарларын орнатыўшы әмелдеги нызам ҳужжатларининг нормалари ҳамда оларды қўллаш амалиёти изертлеў предмети есапланады.

**Изертлеўдиң методлары**. Изертлеўдиң методологик тийкарларын Өзбекистан Республикасы Президенти И.А.Каримов шығармаларында бюджет, салық, банк, валюта, есап-китап хәм басқа тарауларда финанслық сиясатты әмелге асырыў мәселелари бойынша алға сүрилген концептуал, теориялық, сиясий-ҳуқықый идеялар хәм принциплер пайда етеди.

Илимий изертлеулер алып барыу процесинде тарийхый, формал-логикалық, машқалалы-мақсетли, системалылық, салыстырмалы-ҳуқықый хәм илимий билиудиң басқа усылларынан пайдаланылады.

**Диссертацияның илимий жаңалығы.** Ҳәзирги ўақытта, мәмлекет қурылысы тараўындағы реформалар жаңалықлар ҳәм жетискенликлер, социал-экономикалық тараўдағы үстинликке ийе ўазыйпаларын натийжели әмелге асырыўда мәмлекет финанслық сиясатының бюджет, салық, банк ҳәм пул айланысы ҳәм басқа элементлери әҳмийетли қураллар сыпатында оларды илимий машқалалар алып кириў арқалы изертлеў базасын байытқанлығында ҳәм диссертацияның илимий жаңалығы көзге тасланады.

**Изертлеў нәтийжелериниң сынақтан өткенлиги**. Диссертация Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекет университетиниң «Ҳуқықтаныў» кафедрасында додаланды.

**Питкериў диссертация жумыстың дүзилиси**. Усы жумыс кирисиў,

8 параграфти өз ишине алған үш бап, жуумақ, пайдаланған әдебиятлар дизиминен ибарат.

Жумыстың биринши бабында бапта ҳәр қандай мәмлекет өз хызметин әмелге асырыўда мәлим материаллық ҳәм пул ресурсларына сүйенеди. Соңғы жылларда мәмлекетте ақылға сай түрде дүзилген мәмлекет финанслық хызмети бүгинги күнде өз нәтийжесин бермекте ҳәмде халық турмыс дәрежеси ҳәм пәраўанлығын асырыўда тийкарғы орынды ийелемекте.

Екинши бапта Бул бапта мәмлекет финанслық хызметин әмелге асырыўдың усыллары, яғный;

1. Мәмлекет пул қаржылары фондларын қәлиплестириў усыллары

2. Мәмлекет пул қаржылары фондларын бөлистириў усыллары

3. Мәмлекет пул қаржылары фондларынан пайдаланыў усылларын үйренип шығып төмендеги жуўмақларға келдик. Бизиң пикиримизше, мәмлекет финанслық хызмети мазмуны ҳаққындағы мәселеге айдынлық киритиў үлкен илимий әҳмийетке ийе. Усы түсиник арқалы финанслық қатнасықлар, финанс ҳукықы предмети ҳәм финанс ҳуқықының өзи де анықланады.

Жоқарыдағы айтылғанлардан жуўмақ жасап, пикиримизше, финанслық хызметтиң формаларына төмендегилерди киритиў орынлы:

1) нормативлик түрдеги ҳуқықый ҳүжжетлер қабыллаў.

2) индивидуаллық ҳүжжетлер қабыллаў;

3) мәмлекет пул қаржыларын топлаў ҳәм жумсаў менен байланыслы экономикалық қатнасықларда сәўлелениўши шәртнамалар дүзиў, яғный, финанслық-ҳуқықый шәртнамалар; пуқаралық-ҳуқықый шәртнамалар; халықаралық (сыртқы экономикалық) шәртнамалар;

4) мәмлекет тәрепинен мәмлекет финанслық хызмети тараўында ҳуқықбузарлық ислеген шахсты белгиленген тәртипте юридикалық жуўапкершиликке тартыў. Усылайынша финанслық ҳуқықбузарлық ислеген шахсты жуўапкершиликке тартар екен, мәмлекет өз финанслық

мәплерин мәплерин қорғаўға ҳәрекет қылады.

Ушинши бапта финанслық хызметти әмелге асырыўшы мәмлекет уйымларды ўәкилликлериң көлеми ҳәм өзгешелигинен есапқа алған ҳалда оларды еки топарға: яғный, улыўма ўәкилликли ҳәм арнаўлы ўәкилликли мәмлекет уйымларына бөлип көрсетсек болады. Улыўма ўәкилликли мәмлекет уйымлары сыпатында – нызам шығарыўшы уйым, Президент, Ҳүкимет; арнаўлы ўәкилликли мәмлекет уйымлары сыпатында - финанс, банк ҳәм салық уйымлары системасы көрсетип өтиледи.

# 1-БАП. МӘМЛЕКЕТ ФИНАНСЛЫҚ ХЫЗМЕТИНИҢ ҲУҚЫҚЫЙ ТӘБИЯТЫ

## 1.1. Мәмлекет финанслық хызметиниң түсиниги, өзгешеликлери ҳәм ўазыйпалары

Өзбекистанда әмелге асырылып атырған түпкиликли демократиялық реформалардың тийкарғы мақсети халықтың абадан турмыс кешириўин толық тәмийинлейтуғын базар экономикасына тийкарланған еркин пуқаралық жәмийетин қурыўдан ибарат.

Ғәрезсизлик жылларында мәмлекетте жаңа жәмийетлик сиясий дүзим ҳәм базар экономикасына сай жаңаша ҳуқықый доктрина қарар тапты. Усы доктрина президентимиз басшылығында ислеп шығылған раўажланыўдың өзбек моделиниң бес принципине тийкарланады.

Ғәрезсизлик жылларында алып барылған экономикалық реформалар негизин қураўшы усы бес принциптиң дәслепкиси - мәмлекеттиң бас реформатор екенлиги ҳәм мәмлекетимиз эконмикалық раўажланыўында мәмлекет финанслық хызмети айрықшы әҳмийетке ийе екенлигиниң дәлийли болады. Ҳақыйқаттан да, мәмлекет финанслық хызметиниң мәмлекетте ҳуқықый ҳәм сиясий турақлылықты тәмийинлеўдеги орны шексиз.

Мәмлекетимиз басшысы И.А.Каримов айтқанындай: "Бүгинги күнниң ең актуал машқаласы 2008 жылда басланған жәҳән финанслық кризиси, оның тәсири ҳәм унамсыз ақыбетлери, жүзеге келип атырған жағдайдан шығыў жолларын излеўден ибарат"[3]. Тәбийий, бунда мәмлекет финанслық ҳызмети ўазыйпасына үлкен жуўапкершилик жүкленеди. Атап айтқанда, мәмлекетимизди финанслық-экономикалық кризис шәраятында айрықша шығын көрмей қалыўына кепиллик берген финанс-банк системасын беккемлеў, экономиканың реал секторы кәрханаларын қоллап-қуўатлаў, мәмлекетимиздеги өним экспорт қылатуғын кәрханаларды қоллап-қуўатлаў ҳәм хошаметлеў, экспорт нәтийжелигин беккемлеў, салық

[3] Каримов И.А. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. - Тошкент: Ўзбекистон, 2009. - Б. 4.

жүгин жеңиллестириў, салыққа тартыў системасын әпиўайыластырыў ҳәм оны унификация қылыў бойынша хожалық дүзилмелерин қоллап-қуўатлаў сыяқлы шара-илажлардың  усы мәмлекет финанслық хызмети қуралында әмелге асырылыўы да сөзимизди тастыйықлайды. Булардың нәтийжеси президентимиз сөзи менен айтқанда, "2014 жыл жалпы ишки өними 8,1процент санаатта өндирис көлеми 8,3 процентке, аўыл хожалығы өндириси 6,9 процент, ири қурылыс 10,9 процент, усақлап сатыў саўда айланысының көлеми 14,3 процентке асты . Банк системасындағы реформалар экономикамыздың турақлы өсиў пәтлерин тәмийинлеўде ең әҳмийетли фактор болды. Бунның нәтийжесинде коммерциялық банклердиң жәми капиталы 25 процентке асты"[4].

Гүўасы болғанымыздай, сонғы жылларда мәмлекетте ақылға сай түрде дүзилген мәмлекет финанслық хызмети бүгинги күнде өз нәтийжесин бермекте ҳәмде халық турмыс дәрежеси ҳәм пәраўанлығын асырыўда тийкарғы орынды ийелемекте.

Ҳәр қандай мәмлекет өз хызметин әмелге асырыўда мәлим материаллық ҳәм пул ресурсларына сүйенеди. Финанслық-экономикалық ғәрезсизлик ҳәр бир мәмлекет суверенитети ҳәм ғәрезсизлигиниң бирлемши талабы екенлиги де ҳеш кимге сыр емес.

Пул ресурслары ўазыйпасын жәмийетте мәмлекет финансы әмелге асырады. Мәмлекет пул қаржыларының қәлиплесиўи ҳәм реализация етилиўи менен байланыслы қатнасықларға қарата "мәмлекет финанслық хызмети" атамасы қолланылады.

Мәмлекеттиң усы қатнасықлардағы орны ҳаққында тоқталар екен, А.Рот, А.Захаров ҳәм басқалар былай деп жазады: "Мәмлекеттиң қәлиплесип атырған базардағы араласыў дәрежеси жоқарырақ болады. Бунда мәмлекет процесслерди бағдарлап турыўшы тәртипке салыўшы

---

[4] Өзбекистан Республикасы Президенти Ислам Каримовтың елимизди 2014-жылда социаллық-экономикалық раўажландырыўдың жуўмаклары ҳәм 2015-жылға мөлшерленген экономикалық бағдарламаның ең әҳмийетли ўазыйпаларына бағышланған Министрлер Кабинетиниң мәжилисиндеги баянаты. Еркин Қарақлпақстан №9 (19627) 20 январь 2015жыл

статуста хызмет алып барады ҳәмде базар әмелиятында әдил ҳәм ҳадал ис жүритилиўин тәмийинлейди. Раўажланған мәмлекетлерде де кризис яки раўажланып атырған инновациялық процесслер шәраятында мәмлекеттиң орны асады ҳәмде базарда бәсеке орталығын сақлап қалыўғ қаратылады"[5].

Жетерли финанслық қаржыға ийе болмай турып, ҳеш бир мәмлекет өзиниң жуўапкершилигине жүкленген ўазыйпаларды орынлай алмаслығы ҳәм мәмлекет финанслық хызметиниң жүдә әҳмийетке ийе екенлигиниң дәлийли болады.

Сонлықтанда, усы мәселени тереңирек түсиниўде финанс түсинигине тоқталып өтсек. "Финанс" латынша "finare" ("finare") сөзинен келип шыққан болып, Қандайда бир даўлы мәселениң қағыйда түринде пул менен байланыслы машкаланың тәртипке салыныўы, сапластырылыўын аңлатқан. Усы түсиник тийкарында кейиншелик " financia" атамасы жүзеге келген, пул яки қандайда бир төлемди төлеў миннетлемесин аңлатады. XVII әсирден баслап, "финанс" мәмлекет дәраматы ҳәм қаржысын аңлатыўшы барлык қатнасықларға қарата қолланыла басланды.

Бизиң пикиримизше, мәмлекет финанслық хызмети мазмуны ҳаққындағы мәселеге айдынлық киритиў үлкен илимий әҳмийетке ийе. Айтып өтиў лазым, "мәмлекет финанслық хызмети" түсиниги бүгинги күнде улыўма жәмийетлик ҳәм финанс ҳуқықы пәнинде тийкарғы категориялардан бири сыпатында беккем орын алған.

Усы түсиник арқалы финанслық қатнасықлар, финанс ҳукықы предмети ҳәм финанс ҳуқықының өзи де анықланады.

Пул қаржылары қәлиплесиўинде мазмуны бойынша мәмлекет тәрепинен усы қаржыларды өз ўазыйпаларын табыслы орынлаў ушын қолға киритиўи түсиниледи. Бунда жағдай төмендегише көринисте болады: мәмлекет аппараты хызмети, айырым мәмлекет хызметкерлери жумысынан дәрамат көре алмайды, сонлықтан мәмлекет пулды яки

[5] Қаранг: Основы государственного регулирования финансового рынка. - М.: Юстицинформ, 2002. - С. 163.

ықтыярлы тийкарда (мысалы, мәмлекет заёмлары жәрдеминде) яки мәжбүрий тәртипте (буған салықлар мысал бола алады) өндириўи мүмкин.

Бөлистириў басқышында пул қаржылары муўапықласқан ҳәмде нәтийжели ислеп шығарыўды шөлкемлестириў, оның барлық тармақларын халық мүтәжликлерин жәнеде толығырақ қанаатландырыў мақсетинде жәмәәт талапларына муўапық ҳалда раўажландырыўға имканият жаратады.

Мәмлекет усы жағдайда ҳәр қыйлы дәстүрлердиң орынланыўын, мәдeният, пән, ден-саўлықты сақлаў, мәмлекет қорғаныўын финансластырыў ҳәм басқада формаларда әмелге асырады, мәмлекет қаржылары мәмлекет аппараты ушын да жумсалады.

Әмелиятта бул пул қаржыларының орайласқан жамғармадан (мәселен, бюджеттен) орайласпаған жамғармаларға (мәселен, мәмлекет мекемелери есабына) өткизилиўинде анықланады.

Финанстың қурамалы түсиниклеринен бири ҳәм экономикалық категория сыпатында пул қаржылары жамғармасынан пайдаланыўға тийисли қатнасықлар ҳаққында юристлер арасында жеке бирлесиў қәлиплеспеген.

А.И.Худяков бул ҳаққында "пул қаржыларынан пайдаланыў финанслық-ҳуқықый қатнасықлар есапланбайды, бирақ, пул өз-өзинше пайдаланыў көлемине ийе емес, соның менен байланыслы жағдайда оннан пайдаланыў тек ғана пулды өнимге алмастырыў менен байланыслы, яғный өним-пул қатнасықларында жүз береди, олар финанс емес, бәлким пуқаралық ҳуқықы көлеминде тәртипке салынады",- деп есаплайды.

Оның пикиринше "жумсаў" атамасын қолланыў мақсетке муўапық болып, ол "пайдаланыў" атамасынан мазмуны бойынша кең болып ғана қалмай, пул қаржыларын бөлистириўдиде өз ишине алады.

Пул қаржыларынан пайдаланыў (усы процессти пулды өнимге алмастырыў сыпатында түсингенде) ҳаққында сөз жүритиў тек ғана усы қатнасықлардың тиккелей субъекти болған юридикалық шахслардың

орайласпаған пул жамғармаларына қарата болыўы мүмкин.

Орайласқан жамғармалар ҳаққында тоқталғанда олардың жумсалыўы тек ғана бөлистириў формасында болыўы мүмкин. Соны айтып өтиў лазым, Финанс Министрлиги экономикалық алды-сатты қатнасықлары субъекти бола алмайды ҳәмде тутыныўшы сыпатында шыға алмайды. Ол тек ғана бюджеттен пул ажыратыў ҳәм оны юридикалық шахслар жамғармаларына жибериўи мүмкин[6].

Бизиң нәзеримизде пул қаржыларынан пайдаланыў бойынша қатнасықлар финанслық емес, бәлким пул-товар қатнасықларының бир түрин билдиреди. Бул олардың финанс ҳуқықы предмети бола алмаслығын аңлатса-да, өз-өзинен ҳәттеки экономикалық алмастырыў қатнасықлары формасында әмелге асырылатуғын пул қаржыларынан пайдаланыў ҳәм мәмлекет финанслық хызметиң бир элементин қурайды.

Бул мәмлекет финанслық хызмети басқышында тек финанс ҳуқықы предмети болған финанслық – экономикалық қатнасықлар емес, бәлким басқа ҳуқық тармақлары предмети (ең әўели, пуқаралық) болған экономикалық (мәселен, товар-пул) қатнасықлар да пайда болыўы мүмкинлигин аңлатады. Мине усы жерде А.И.Худякованың финанс ҳуқықын мәмлекет финанслық хызмети басқышында жүзеге келиўши қатнасықлар арқалы билдириў бираз анықлыққа ийе емес, усы хызмет басқышында финанс ҳуқықы предмети болмайтуғын қатнасықларда жүзеге келеди, деген пикирине қосыламыз[7]. Олар қатарына пул жамғармасынан пайдаланыў бойынша катнасықлар да киреди. Сонлықтан, мәмлекет финанслық хызмети басқышында жүзеге келетуғын қатнасықлардың мәлим бир бөлеги, атап айтқанда, өз экономикалық өзгешеликлерине көре, финанслық қатнасықлар есапланыўшы қатнасықлар ғана финанс ҳуқықы предмети есапланады.

Илимий әдебиятларда "мәмлекет финанслық хызмети"ниң легал

---

[6] Худяков А.И. Ўша асар. - Б. 13.

[7]Худяков А.И. К вопросу о предмете и методах финансового права // Проблемы финансового права. Вып. 1. -Чернивци, 1996. - С. 32 - 36; Худяков А.И. Основы теории финансового права. Алматы, 1995. - С. 43-44.

анықламасы келтирилмеген. Усы категорияның мазмуны финанс ҳуқықы пәнинде ашып бериледи. Усы машқалаға арналған әдебиятларды үйренип, мәмлекет финанслық хызметине тийисли пикир усынıслар бир-биринен айырмашылыққа ийе емес, деген жуўмаққа келиў мүмкин.

Ю.А.Крохина мәмлекет финанслық хызметин төмендегише тәрийплеўди усыныс етеди: "мәмлекет финанслық хызмети - бул финанс ҳуқықы субъектлериниң ҳуқықый нормаларға тийкарланған улыўма әҳмийеттеги пул жамғармаларын жобалы түрде топлаў, бөлистириў ҳәм пайдаланыў мақсетинде финанслық-ҳуқықый тәртипке салыўдың турақлы механизмин дөретиў бойынша галабалық искерлиги"[8]. Пикиримизше, усы анықлама айырым кемшиликлерсиз, сондай-ақ:

биринshиден, "мәмлекет финанслық хызмети" ҳәм "финанс ҳуқықы субъекти ғалабалық искерлиги" түсиниклери өз-ара қанша жақын болмасын, бир мәнили түсиниклер сыпатында баҳалыныўы мүмкин емес. Мәмлекет финанс ҳуқықы субъектлеринен бири болса, ғалабалық искерлик пенен тек мәмлекет емес, ал басқа субъектлерде шуғыйланады;

екиншиден, финанслық хызметти тек финанс ҳуқықы субъектлери ғана "финанслық-ҳуқықый тәртипке салыўдың турақлы механизмин жаратыў" арқалы әмелге асырады. Финанслық хызметти әмелге асырыў процессинде мәмлекет атап айтқанда, ҳуқықый көз-қарастан пуқаралық-ҳуқықый түрдеги товар-пул қатнасықларынан да пайдаланыў мүмкин. Соған муўапық. усы жағдайда финанслық хызметти пуқаралық ҳуқықы субъектлери әмелге асырады (бундай субъект сыпатында мәмлекеттиң өзи де анықланады) ҳәмде сол мақсетте мәмлекет финанслық хызмети басқышында жүзеге келиўши қатнасықлар пуқаралық-ҳуқықый тәртипке салыў механизмин пайда етеди;

Мәмлекеттиң финанслық хызмети тек оның финанслық қатнасықлар субъекти сыпатында өз ҳуқық ҳәм миннетлемелерин әмелге асырыўында емес, ал оның тийисли ҳуқықый ҳүжжетти қабыл қылыўы

---

[8]Крохина Ю. А. Финансовое право России. - М., 2004. - С. 19.

менен сол қатнасықларды жүзеге келтириўи, оларды тәртипке салыўы, өзиниң ҳәм бирге ислесиўшиниң ҳуқық ҳәм миннетлемелерин ҳәмде сол арқалы олардың ҳарактерин белгилеўде де анықланады. Сондай-ақ, мәмлекет тәрепинен экономикалық - финанслық қатнасықларды жүзеге келтириўши ҳәм тәртипке салыўшы финанслық-нормативлик ҳүжжетлер қабыл қылыныўы финанслық-ҳуқықый әдебиятларда мәмлекет финанслық хызмети формаларынан бири сыпатында белгилениўи де бийкарға емес.

Мәмлекет тәрепинен (ўәкилликли уйым тымсалында) мәмлекет пул қаржыларын қәлиплестириў, бөлистириў ҳәм пайдаланыў менен байланыслы қандайда бир қатнасықларды тәртипке салыўшы нормативлик-ҳуқықый ҳүжжет қабыл қылыныўы мәмлекет тәрепинен финанслық яки оның финанслық хызмети менен байланыслы болған басқа қатнасықлардан тысқарыда әмелге асырылады.

Мәмлекет финанслық хызмети тек финанслық қатнасықлар көлеминде ғана әмелге асырылады. Ол басқа экономикалық қатнасықлар (кредит, товар-пул, мийнет қатнасықлары ҳәм т.б.) көлеминде де әмелге асырылыўы мүмкин.

Финанслық хызметтиң мақсети оның ўазыйпаларын белгилеп береди. Мәмлекет финанслық хызметти әмелге асырыў тийкарында төмендеги ўазыйпаларды шешиўге ериседи:

1) жәмийет пул инфрадүзилмесин жаратыў ҳәм оның турақлы әмел қылыўын тәмийинлеў;

2) өз-өзин ҳәм өз искерлиги ҳәрекетин тәмийинлеў мақсетинде пул қаржыларын қолға киритиў;

3) пул қаржылары жәрдеминде жәмийетте жүз берип атырған ҳәмде жәмийет пәраўанлағына хызмет қылатуғын социал-экономикалық процесслерге тәсир көрсетиў.

Бизиң пикиримизше, мәмлекет финанслық хызмети басқышында жүзеге келген финанслық қатнасықларды материаллық ҳәм процессуалға ажыратыўды нәзерде тутқан соңғы сыпатлама мақул. Финанслық емес

қатнасықлар финанс ҳуқықы предметин қураўы ҳаққындағы пикирдиң өзи де гүман түўдырады. Атап айтсақ, финанслық хызмет басқышында финанслық емес қатнасықлар (мәселен, товар-пул) жүзеге келсе де, олар басқа ҳуқық тараўы (пуқаралық) предмети болып хызмет қылады.

Қулласы, мәмлекет финанслық хызмети басқышында да экономикалық ҳәм экономикалық емес қатнасықлар жүзеге келеди. Мәмлекет финанслық хызметин әмелге асырыў басқышында жүзеге келген финанслық қатнасықларды еки түрге ажыратыў мүмкин:

1) материаллық финанслық қатнасықлар;

2) процессуаллық (шөлкемлестириўши) финанслық қатнасықлар.

Материаллық финанслық қатнасықлар экономикалық қатнасықлардың айрықша өзине сай түрин - финанслық қатнасықларды билдиреди.

Шөлкемлестириўши финанслық қатнасықлар мәмлекет финанслық хызметин әмелге асырыў басқышында жүзеге келген, экономикалық болмаған қатнасықларды өз ишине алады.

Мәмлекеттиң финанслық хызмети жәмийетлик басқарыў механизминиң аҳмийетли қурамлы бөлеги сыпатында анықланады. Бул сонда анықланады, оның жәрдеминде жыйналған финанслық ресурслар мәмлекеттиң тийисли раўажланыў дәрежесинен, оның ишки ҳәм сыртқы шәраятларынан келип шығып, финансластырылып атырған шара-илажлар үстинликке ийе екенлигин есапқа алған ҳалда экономикалық, социаллық ҳәм басқа тараўларға бағдарланылады.

Мәмлекеттиң социал-экономикалық процесселерге тәсир етиўи тек туўрыдан-туўры финанслық қоллап-қуўатлаў яғный мәлим бир дәстүрлерди әмелге асырыў ушын, қаржы ажыратыў формасында, бәлким тиккелей яғный салық жеңилликлерин бегилеў, процентсиз яки төмен процентли заём бериў, төлемин кешиктириў ҳәм т.б. арқалы да әмелге асырылады. Сондай-ақ мәмлекет тәрепинен шеклеў түриндеги шаралар да көрилиўи мүмкин болып, бир сөз бенен айтқанда мәмлекет финанслық

хызмети ишки базарды қәлиплестириў ҳәм раўажландырыўға салмақлы тәсир көрсетеди.

Жоқарыдағы айтылғанлар тийкарында мәмлекет финанслық хызметине тийисли төмендеги өзгешеликлерди көрсетиў мүмкин:

Биринщиден, бул мәмлекет тәрепинен әмелге асырылатуғын мәмлекет, мәмлекеттиң хожалық шөлкемлери (мәмлекет унитар кәрханалары ҳәм мәмлекет мекемелери) искерлиги түри;

Екинщиден, усы хызмет мазмуны сыпатында мәмлекет ўазыйпа ҳәм функцияларын пул менен тамийинлеў мақсетинде мәмлекет пул қаржыларын топлаў, бөлистириў ҳәм пайдаланыў процесслери жүзеге келеди;

Үшинщиден, усы хызмет мәмлекет тәрепинен экономикалық ҳәм экономикалық емес (тийкарынан финанслық-шөлкемлестириўшилик қатнасықларда) қатнасықлардан пайдаланған ҳалда әмелге асырылады. Экономикалық қатнасықлар тийкарынан, финанслық болсада, экономикалық қатнасықлардың басқа түрлери (товар-пул, кредит ҳәм мийнет қатнасықлары) де қолланылады. Сонлықтан, мәмлекет финанслық хызмети процессинде тек финанслық-ҳуқықый ғана емес, ал пуқаралық, мийнет, халықаралық-ҳуқықый ҳәм басқа түрдеги ҳуқықый қатнасықлар да жүзеге келеди. Нәтийжеде "мәмлекет финанслық хызметин ҳуқықый тәртипке салыў" өзин де комплекс ҳуқықый институтты анықлайды;

Төртинщиден, өз финанслық хызметин әмелге асырыў процессинде мәмлекет жеке мәплерин гөзлейди, бул айырым жағдайларда коммерциялық хәм айрым шахслар мәплерине қарсы болыўы мүмкин;

Бесинщиден, мәмлекет пул қаржыларын топлаў, бөлистириў ҳәм пайдаланыў процесслерин жүзеге шығарыў (яғный, әмелде өз финанслық хызметин әмелге асырыў) ушын финанслық инфрадүзилмени (яғный мәмлекет финанслық системасын хәм усы хызметти әмелге асырыў ўазыйпасы жуўапкершилигине жүкленген мәмлекет уйымлары

системасын) қәлиплестириўи лазым.

Жуўмақлап айтқанда, мәмлекет финанслық хызметине төмендегише анықлама бериўди усыныс етемиз: "мәмлекеттиң финанслық хызмети-бул мәмлекеттиң өз ўазыйпа ҳәм функцияларын әмелге асырыўды пул менен тәмийинлеў мақсетинде мәмлекет пул қаржылары жамғармаларын дүзиўи, бөлистирилиўи ҳәм пайдаланыўы бойынша искерлиги болып, оны әмелге асырыў ушын мәмлекет тәрепинен финанслық система ҳәмде мәмлекет уйымлары системасы көринисинде финанслық инфрадүзилме қәлиплестириледи.

## 1.2. Мәмлекет финанслық хызметиниң формалары

Мәмлекет финанслық хызмети әмелге асырылатуғын формалар ҳәр түрли болып, оларда финанслық хызмет субъектлериниң пул қаржылары жамғармаларын қәлиплестириў, бөлистириў ҳәм пайдаланыў бойынша искерлиги өз әмелий көринисин табады.

Атап айтқанда, мәмлекет финанслық хызмети ҳуқықый яки ҳуқықый емес сыяқлы ҳәр түрли формаларда әмелге асырылады. Бундай сыпатлама олардың ҳуқықый рәсмийлестирилиўи менен белгиленеди. Ҳуқықый формада сондай формалар тийисли болады, оларды әмелге асырыў финанслық қатнасықлар қатнасыўшылары нызамшлық пенени белгиленген қағыйдаларғаәмел қылады. Финанслық хызмет бақышында жүзеге келген қатнасықларды тәртипке салыў финанслық-ҳуқықый ҳүжжетлер арқалы әмелге асырылады. Финанслық-ҳуқықый ҳүжжет пенен тәртиплестирилетуғын қатнасықлар көлеми оны қабыл қылған уйым статусы менен шеңберлес байланыслы. Яғный, мәселен, финанслық-ҳуқықый ҳүжжет Олий Мәжилис, Министрлер Кабинети, Президент, Финанс министрлиги тәрепинен қабыл қылынған болса оның ҳуқықый ақыбети ҳәммеге тийисли болады; финанслық ҳүжжет жергиликли ўәкиллик ҳәм аткарыў уйымлары тәрепинен қабыл қылынған болса мәлим

бир аймақ, район, қала көлеминде әмел қылады.

Ҳуқықый форма мәмлекет ҳәкимияты уйымлары тәрепинен өз ўәкилликлери көлеминде улыўма жүрис-турыс қағыйдаларын белгилеўши норматив-ҳуқықый ҳүжжетлер қабыл қылыўында, сондай-ақ, индивидуал финанслық-ҳуқықый ҳүжжетлер шығарыў ҳәм оларды әмелде қолланыўда анықланады. Әсиресе, финанслық-жобалы ҳүжжетлер (мәмлекет бюджети, жергиликли бюджет, бюджет мекемелери бюджет сметасы ҳәм т.б.) қабыл қылыў ҳәм орынлаў үлкен әҳмийетке ийе.

Финанслық хызметтиң ҳуқықый емес формалары болса, буннан басқа, А.И.Худяковтың айтыўынша, ҳуқықый формадағы сыяқлы, ҳуқықый емес формада да пул қаржылары фондларын қәлиплестириў, бөлистириў (қайта бөлистириў) ҳәм пайдаланыў бойынша шөлкемлестириўшилик ҳәрекетлер әмелге асырылыўы мүмкин[9].

Юридикалық әдебиятларда айтылыўынша, "ҳәр түрли әмелий ҳәрекетлер болып, юридикалық әҳмийетке ийе болмайды, бирақ сондай ҳүжжетлер қабыл қылыныўы яки ҳуқықый нормалар қолланылыўы ушын имкәният жаратады. Бул жол-жоба көрсетиў, мәжилис, додалаў өткизиў, финанслық нызамшылықты түсиндириў ҳәм т.б."[10]. Усы пикирди даўам еттирген ҳалда айтыў орынлы, искерликтиң ҳуқықый емес формаларына және төмендегилер де кириўи мүмкин: финанс хызмети тәрепинен шөлкемлерге мәсләҳәт, түсиндирмелер берилиўи, финанслық ҳәм салық уйымларында ҳәр қыйлы мәжилис, жыйналыслар өткизиў; "финанслық" ҳүжжетлер ислеп шығыў менен шуғылланыўшы ўәкилликли уйымлар комитетлеринде мәжилис өткизиў; халыққа финанслық нызамшылықты түсиндириў жумысларын алып барыў; финанслық-экономикалық анализ; финанслық жобаластырыўды өткизиў, экономикалық прогноз ҳәмде есабатлар дүзиў ҳәм тағы басқалар. Усындай ҳәрекетлер юридикалық әҳмийетке ийе болмаса да, финанслық хызметтиң мәмлекет уйымларының

[9]Худяков А.И. Финансовое право Республики Казахстан. Общая часть. - Алматы, 2001. - С. 24.
[10] Химичева Н.И., Покачалова Е.В. Финансовое право / Отв. ред. д.ю.н., проф. Химичева Н.И. - М.: Норма, 2005.-С. 104.

ҳәкимият ўәкиллигин белгилеўши ҳуқықый формаларды әмелге асырыў ушын әҳмийетли бағдар ўазыйпасын атқарады. Ҳуқықый емес формалар бир сөз менен айтқанда республика ҳәм жергиликли уйымлар тәрепинен өткизилетуғын шөлкемлестриўшилик, түсиндириў ислери ҳәм таярлаўшы өз ишине алады. Қағыйда түринде оларды финанслық ҳәм салық уйымлары әмелге асырады. Бул атап айтқанда, республика яки жергиликли дәрежеде финанслық жобаластырыў ушын зәрүрли болған материаллар таярлаў, семинар, кеңес, жазба ҳәм аўызеки түсиндирмелер бериўден ибарат болады.

Юридикалық күшке ийе болмаса да, усы формалар финанслық хызметти әмелге асырыўда үлкен әҳмийетке ийе, олар бириншиден, пүтин ҳалда финанслық система турақлы әмел қылыўын тәмийинлейди; екиншиден, финанслық қатнасықлар тәреплери ортасында кәсиплик қатнасықлар турақлы раўажланыўын тәмийинлейди; үшиншиден, мәмлекет уйымлары финанслық мәселелер бойынша жәнеде ықшам қарар қабыл қылыўына имканият жаратады; төртиншиден, усы процессте қолға киритилетуғын мағлыўмат финанслық нызамшылықты қәлиплестириў ҳәм жетилистириўде жүдә әҳмийетке ийе.

Финанслық хызметти әмелге асырыўдың ҳуқықый формалары ҳаққында тоқталып, ол тийкарынан финанслық-ҳуқықый норманы орнатыў яки әмелге усыныў менен байланыслы ҳуқықый ҳүжжетлер қабыл қылыўда анықланады. Финанслық хызметтиң анық ҳуқықый формалары оның қайсы ўәкиллик яки атқарыў уйымлары тәрепинен әмелге асырылып атырғанлығына байланыслы.

Финанслық хызметти әмелге асырыў ўақтында оның субъектлери өз ўәкилликлери көлеминде мәлим бир финанслық-ҳуқықый ҳүжжет қабыл қылады, оған көре, пул қаржыларын қәлиплестириў, бөлистириў ҳәм пайдаланыў бойынша хызметтиң даўамы олардың жумсалыўы бойынша қадағалаў, финанслық жобаларды ҳәмде мәмлекет алдындағы миннетлемелерди қабыллаў ҳәм усыныў бойынша қадағалаў әмелге

асырылады. Солай екен, финанслық- ҳуқықый ҳүжжетлер – бул нызам менен белгиленген анық формада қабылланған, мәлим бир юридикалық ақыбетлер келтирип шығарыўшы мәмлекет уйымларының финанслық хызмет бойынша өз ўәкилликлери көлеминде қабыллаған қарарлары болып, финанслық-ҳуқықый нормаларды орнатады, өзгертиреди яки бийкарлайды ҳәм сол арқалы финанслық-ҳуқықый қатнасықларды пайда етеди, өзгертиреди яки сапластырады.

Финанслық хызметтиң қандай формасының қолланылыўы тәртипке салыныўы лазым болған финанслық қатнасықлардың әҳмийетинен келип шығып белгиленеди. Мәмлекет бюджети Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилиси тәрепинен қабыл қылынады. Мәмлекет бюджетине муўапық: Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы бюджетлери Мәмлекет бюджети қабыл қылынғаннан кейин еки ҳәптелик мүддет ишинде тийисли түрде Жоқарғы Кенес ҳәмде ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимиятының ўәкилликли уйымлары тәрепинен; қалалар қурамына кириўши районлар бюджетлери ҳәм район бағыныўындағы қалалар бюджетлери белгиленген муддетлерде жергиликли ҳәкимияттың жоқары турыўшы ўәкилликли уйымлары тәрепинен қабыл қылынады.

Финанслық-ҳуқықый ҳүжжетлерди ҳәр қыйлы тийкарларға көре классификациялаў мүмкин. Сондай-ақ, юридикалық өзгешелигине көре, финанслық-ҳуқықый ҳүжжетлер нормативлик ҳәм индивидуаллық болыўы мүмкин. Нормативлик ҳүжжетлер қатарына түрлес финанслық қатнасықлар топарын тәртипке салыўшы ҳәмде қатнасыўшылардың улыўма жүрис-турыс қағыйдаларын өз ишине алыўшы нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлер киреди. Усы топар ҳүжжетлери узақ мүддет әмел қылыўға бағдарланылған ҳәмде қағыйда түринде шөлкем ҳәм пуқаралардың мәмлекет ҳәм жергиликли дүзилмелер алдындағы миннетлемелерин, белгиленген толемлерди әмелге асырыў, пул қаржыларын жумсаў тәртиби, финанслық қадағалаўды өткизиў тәртиби принциплери ҳәм тағы басқаларды белгилейди.

Индивидуаллық финанслық-ҳуқықый ҳүжжетлер - бул ҳуқық нормасын қолланыў ҳүжжетлери. Бунда нормативлик финанслық-ҳуқықый ҳүжжетлерде белгиленген улыўма қағыйдалар анықластырылады. Ҳәр бир индивидуаллық финанслық-ҳуқықый ҳүжжет анық жағдайларды нәзерде тутады ҳәмде финанслық қатнасықлардың турақлы қатнасыўшысына қаратылған, қандайда бир финанслық-ҳуқықый қатнасықларды пайда етиў, өзгертириў яки бийкар етиўге бағдарланған. Бундай ҳүжжет сыпатында, атап айтқанда, салық уйымы тәрепинен пуқара яки шөлкемге оның салықтан қарызы барлығы ҳәмде оны төлеўи зәрүрлиги ҳаққындағы хабарнаманы көрсетиў мүмкин. Усы топар ҳүжжетти қабыллаў нормативлик финанслық-ҳуқықый ҳүжжетлерди турмыста қолланыўдың зәрүрли шәрти есапланады. Усы ҳүжжетлер финанслық хызмет субъектлери жуўапкершилигиндеги ўазыйпаларды әмелге асырыў қуралы болып хызмет қылады.

Тармақ мәмлекет басқарыў уйымлары финанслық мәселелер бойынша буйрық ҳәм көрсетпелер шығарады. Финанслық-ҳуқықый ҳүжжетлер де сондай формада болып, бунда усы ҳүжжетлер финанслық нормативлик-ҳуқықый ҳүжжет саналады. Мәмлекет басқарыў уйымлары, әсиресе финанслық уйымлар көплеген индивидуаллық финанслық-ҳуқықый ҳүжжетлер қабыл қылады, олар жоқарыда айтылған нормативлик-ҳуқықый ҳүжжетлер формаларынан айырмашылыққа ийе. Атап айтқанда, лаўазымлы шахстың ҳүжжетти тастыйықлаў ҳаққындағы резолюциясы, финанслық түрдеги қандайда бир илажды өткизиў ушын руқсат бериўи ҳәм тағы басқалар анықланыў формасына көре, жоқарыдағы көрсеткишлерге сай келмейди.

Финанслық-жобалы ҳүжжетлер финанслық хызметтиң түрли субъектлери ҳүжжетлеринде өз көринисин табады. Белгиленген тәртипте тастыйықланған финанслық – жобалы ҳүжжетлер финанслық қатнасықларды тәртипке салады ҳәмде ҳәр қандай басқа финанслық-ҳуқықый ҳүжжет сықлы анық ҳуқықый ақыбетлерге себеп болады.

А.И.Худяков финанслық хызмет дәстүрий – нормативлик ҳәм индивидуаллық финанслық-ҳуқықый ҳүжжетлер қабыл қылыў формалары қатарына және төмендеги еки формани да қосады:

1) еки тәреплеме финанслық-ҳуқықый ҳүжжетлер, сондай-ақ финанслық шәртнамалар дүзиў;

2) мәмлекет тәрепинен тийисли ўәкилликли уйымы арқалы анық бир финанслық-ҳуқықый қатнасықта өз ҳуқық ҳәм миннетлемелерди әмелге асырыўы.[11]

Айтылғанлардан биринщиси А.И.Худяков тәрепинен билдирилген пикир менен тығыз байланыслы, оған көре, финанс ҳуқықы улыўма алынған пикирден айырмашылығы тек ҳуқықый тәртипке салыўдың императив емес, бәлким диспозитив методынан да пайдаланады, оның ақыбетинде шәртнаманың арнаўлы өзине сай түри - финанслық-ҳуқықый шәртнамалар жүзеге келеди.

Сол орында биз илимий дискуссиялардан бирине дус келемиз: финанс ҳуқықы қәнийгелери мәмлекет финанслық хызмети предмети финанс ҳуқықы предметинен кеңирек ҳәмде усы хызметти әмелге асырыўда тек финанс ҳуқықы предмети болған финанслық-ҳуқықый емес, ал басқа ҳуқық тараўлары, атап айтсақ пуқаралық ҳуқықы менен тәртипке салыныўшы экономикалық-ҳуқықый қатнасықлар (товар-пул қатнасықлары) да келип шығады, - деген пикирди алга қояды. Соңында, усы дискуссия финанслық-ҳуқықый ҳүжжетлер (көпшилик илимпазлар нормативлик ҳәм индивидуаллық деп белгилесе, А.И.Худяков усы дизимге финанслық-ҳуқықый шәртнамаларды да киритеди) арқалы анықланатуғын мәмлекет финанслық хызмети формалары мәселесин жаратыўда да өз көринисин тапты.

Сол ўақытта мәмлекет финанслық хызмети финанслық-ҳуқықый ҳәдийселер менен шекленип қалмайды ҳәмде тек ғана финанслық-ҳуқықый категориялар арқалы сыпатланыўы мүмкин емес.

---

[11] Худяков А.И. Финансовое право Республики Казахстан. Общая часть. - Алматы, 2001. — С. 51.

Жоқарыдағы айтылғанлардан жуўмақ жасап, пикиримизше, финанслық хызметтиң формаларына төмендегилерди киритиў орынлы:

1) нормативлик түрдеги ҳуқықый ҳүжжетлер қабыллаў. Тәбиййй, олардың көпшилиги финанслық-ҳуқықый түрге ийе болады, мәмлекет финанслық хызмети процессинде жүзеге келиўши қатнасықлардың тийкарғы бөлеги экономикалық тәрептен - финанслық, ҳуқықый тәбиятына көре болса, финанслық-ҳуқықый болады. Бирақ, бул айырым ҳүжжетлер пуқаралық-ҳуқықый түрде болыўы яки мийнет ҳәм басқа ҳуқық тармақлары (мәселен, жер ҳуқықы)на да тийисли болыўы мүмкинлигине қарсылық етпейди;

2) индивидуаллық ҳүжжетлер қабыллаў;

3) мәмлекет пул қаржыларын топлаў ҳәм жумсаў менен байланыслы экономикалық қатнасықларда сәўлелениўши шәртнамалар дүзиў. Усы шәртнамаларды (олардың тармаққа тийислилигине қарапп) биринши нәўбетте төмендеги түрлерге ажыратыўымыз мүмкин:

а) финанслық-ҳуқықый шәртнамалар;

б) пуқаралық-ҳуқықый шәртнамалар;

в) халықаралық (сыртқы экономикалық) шәртнамалар;

4) мәмлекет тәрепинен финанслық хызмети процессинде жүзеге келген анық ҳуқықый қатнасықта өз ўәкилликли уйымы арқалы ҳуқық ҳәм миннетлемелерин әмелге асырыўы. Атап айтқанда, салық төлеўден бас тартқан салық төлеўшиден салық уйымы арқалы төлемлерди мәжбүрий тәртипте өндирип алыўы мысал бола алады;

5) мәмлекет тәрепинен мәмлекет финанслық хызмети тараўында ҳуқықбузарлық ислеген шахсты белгиленген тәртипте юридикалық жуўапкершиликке тартыў. Бунда өз пикиримизди төмендегише тийкарлаўға ҳәрекет қыламыз: мәлим болғанындай усы тараўдағы ҳәр қандай ҳуқықбузарлық мәмлекеттиң финанслық мәплерине зыян жетиўине себеп болады ҳәм финанслық хызмет қандайда бир тәрепке тийисли болады. Сондай-ақ, салық төлеўден бас тартыў мәмлекет пул қаржылары

қәлиплесиўи сыяқлы финанслық хызмет пенен байланыслы. Салық төлеўшини усы қылмысы ушын жуўапкершиликке тартар екенбиз, мәмлекет пул қаржыларын топлаў менен байланыслы мәплерди қорғайды. Солай етип, финанслық ҳуқықбузарлық ислеген шахсты жуўапкершиликке тартар екен, мәмлекет өз финанслық мәплерин мәплерин қорғаўға ҳәрекет қылады.

# 2-БАБ. МӘМЛЕКЕТЛИК ФИНАНС ИСКЕРЛИГИН ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЎДЫҢ УСЫЛЛАРЫ

## 2.1. Мәмлекетлик пул қаржылары фондларын қәлиплестириў усыллары

Мәмлекетлик пул қаржылары фондларын қәлиплестириў усыллары сыпатында тийкарынан мәжбүрий ҳәм ыхтыярый төлемлерди пайда етиў тән алынады. Сондай-ақ, заманагөй шәраятларда жәриййма ҳәм финанслық конфискация киби мәмлекетлик пул қаржылары фондларын қәлиплестириў усыллары да көрсетилмекте.

Мәжбүрий ҳәм ыхтыярый төлемлерди пайда етиў юридикалық әдебиятларда мәжбүрий төлемлер ямаса мәжбүрлеў усылы сыпатында айтылады.

М.В.Карасева мәмлекет ҳәм жергиликли бюджетлерде пул қаржылары фондларын түрлендириўдиң тийкарғы ҳәм әҳмийетли усылы сыпатында мәжбүрлеў - яғный, салық ҳәм жыйынлар белгилеўди көрсетеди. Усындай усыл жәрдеминде тийисли дәрежедеги (мәмлекет яки жергиликли) бюджетке белгиленген мүддетлерде ҳәм муғдарда белгили пул қаржысы мәжбүрий тәртипте өткериледи[12].

Мәмлекеттиң бюджеттен тысқары фондларын (Пенсия фонды, жол фонды кибилерди) түрлендириўде де жоқарыдағы сыяқлы мәжбүрлеў усылларынан пайдаланылады.

Мәжбүрлеў усылы алды менен, Салық кодексинде белгиленген салық ҳәм төлемлерди орнатыўда көринеди. Е.Ю.Грачева ҳәм Э.Д.Соколовалар өз нәўбетинде мәжбүрлеў усылын да еки топарға ажыратқан ҳалда, яғный салық усылы ҳәм мәжбүрий төлемлер усылына бөлип үйренеди[13].

[12] Карасева М.В. Финансовое право и деньги: Монография. - Воронеж; Издательство Воронежского государственного университета, 2006. - С. 34.
[13] Грачева Е.Ю., Соколова Э.Д. Финансовое право: Вопросы и ответы - 2-е изд., перераб. и доп. - М.: Юриспруденция, 1999.-С.6.

Мәжбүрий топлаў усылы сыпатында ҳақы есесине хызмет көрсетиў, мәмлекет мүлкинен пайдаланыў, сондай-ақ, юридикалық жуўапкерлик илажларын қоллаў нәтийжесинде жүзеге келетуғын салыққа тийисли болмаған төлемлерди төлеў де көринеди.

Пул қаржыларын өндириўде мәжбүрийликке тән болған мәжбүрлеў усылынан парықлы түрде сондай-ақ ыхтыярый төлемлер усылы да қолланылады: мәмлекет ҳәм жергиликли қымбат баҳалы қағазларды сатып алыў, қәир сақуўат, кредит мекемелерине пул қойыў ҳәм т.б. Усындай усыл жеке мүлк ҳуқықы тийкарында ис алып баратуғын хожалық жүритиўши субъектлер финанслық искерлигин әмелге асырыў ўақтында да қолланылады.

Мәмлекетлик пул қаржылары фондларын түрлендириўдиң жәрийма усылы финанслық-ҳуқықый нормаларды бузғанлығы ушын жәрийма, пеня ҳәм басқа санкцияларды қоллаўда көринеди.

Сондай-ақ, О.Н.Горбунова мәмлекетлик пул қаржылары фондларын түрлендириўдиң өзине тән усылы сыпатында пул эмиссиясын көрсетеди. Автор көз қарасында пул эмиссиясы пул қаржыларын бюджетке топлаўдың кең тарқалған усылларынан есапланады[14].

Жоқарыдағылар тийкарында мәмлекетлик пул қаржылары фондларын түрлендириў усылларын төмендегише көрсетиўимиз мүмкин:

1. Мүлкдардан пул қаржыларын мәжбүрий ҳәм қайтарып бермеў шәрти менен алыў усылы.

Усындай усылға кең тарқалған мысал сыпатында салықларды көрсетиў мүмкин. Салықлар жәрдеминде мәмлекет мүлкдар басқарыў шеңберинен оның мүлкиниң бир бөлегин өз пайдасына өзлестирип алады. Соған қарамастан буның есесине мүлкдарға ҳеш нәрсе бермейди (яғный, бул орында товар-пул қатнасықларына тән болған эквивалент жоқлығы нәзерде тутылмақта) ҳәм оларды қайтарыўға да ўәде бермейди (яғный,

[14] Финансовое право: Учебник / Под ред. О.Н.Горбуновой. 2-е изд., перераб. и доп. - М.: Юристь, 2000. - С.

оларды кредитке яки қарызға алмайды). Усы тәризде пулды алыў нызамлы түрде болсада, мәжбүрий тәртипте әмелге асырылады. Бунда пулдың төлеўшиден мәмлекетке қарап ҳәрекетлениўи есесинен мәмлекеттен төлеўшиге жуўап ретинде товар яки пул төлемине басқаша эквивалент ҳәрекетленбейди, яғный төлеўшиниң пулы қайтарылмаў ҳәм бийғәрезлик шәрти менен алынады.

Салықлар пул қаржыларын еңгизиўдиң ең ески усылларынан бири болып, мәмлекеттиң экономикаға ҳәм улыўма бир пүтин ҳалда жәмийетке тәсир етиўиниң нәтийжели усылы болып есапланады. Э.Хожиев сөзи менен айтқанда, "Салықлар ески финанслық институтлардан есапланып, мәмлекеттиң пайда болыўы менен жүзеге келген. Салықлар мәмлекет органларын тәмийинлеў ҳәм олар алдында турған ўазыйпалардың орынланыўын материаллық тәмийинлеўдиң дереги сыпатында хызмет қылған. Мәмлекеттиң раўажланыўы менен оның хызмет ҳәм функциялары жаңа көринислерге ийе болды. Лекин салықлардың мәмлекетти ҳәм оның органларын финансластырыўда дерек сыпатындағы роли өзгермей қалды"[15].

Финанслық-ҳуқықый көз-қарастан салықлар өзинде улыўма мәжбүрий ҳәм ҳуқықый формасы көз-қарасынан мәмлекет ҳәкимияты ҳәм жергиликли мәмлекет ҳәкимияты органларының ўәкилликлери шеңберинде белгиленген юридикалық ҳәм физикалық шахслардан белгили муғдарда ҳәмде белгили мүддетлерде өндирилетуғын қайтарылмайтуғын индивидуал төлемлерди сәўлелендиреди.

Салықлардың юридикалық мәнисин пайда етиўши ең әҳмийетли белгилер салық төлемлериниң бийғәрезлиги, бул төлемлердиң мәжбүрийлиги, оларды пайда етиў ҳәм өндирип алыў тәртиби, салықтың анық муғдарын ҳәмде оны әмелге киритиўдиң анық мүддетин белгилеўден ибарат. Улыўма алғанда, салықлар улыўмалық характерге ийе ҳәмде социаллық әҳмийетли мәплерге бағдарландырлады.

---

[15] Ҳожиев Э. Солиқ ҳақида нимани биласиз? (Илмий-оммабоп рисола). - Тошкент: ТДЮИ, 2005. - Б.7.

Айырым авторлар салықлар юридикалық тәбияты ҳәмде оларды төлеў менен байланыслы процессте жүзеге келип атырған ҳуқықый қатнасықлар бойынша өз пикирлерин билдирип өткен.

Д.В.Винницкий салықтың төмендеги белгилерин көрсетеди: салықлар халықтың сайланған ўәкиллери тәрепинен белгиленеди; мүлк ҳуқықы ямаса басқа мүлкий ҳуқықларды мүлктиң бир бөлегин мәмлекет пайдасына өткериў жолы менен шеклейди; салықлардың бар екенлиги социаллық зәрүрлик; салықлар қайтарылмайды, бийғәрез ҳәм улыўма мәжбүрий есапланады; пул характерине ийе; улыўмалық, теңлик сыяқлы принциплерге тийкарланады[16].

Салықлар мәмлекетте фискал, тәртипке салыў ҳәм қайта бөлистириў сыяқлы функцияларды орынлайды. Оның тийкарғы функциясы фискал (латынша "изсиз" -"газна") функция болып, ол салықлардың мәжбүрий тәртипте ҳәм бийғәрез мәмлекет дәраматына келип түсиўи ҳәмде мәмлекет тәрепинен өз қарежетлерин қаплаў ушын ислетилиўин аңлатады. Фискал функция қуралыда салықлардың баслы социаллық ўазыйпасы әмелге асырылады - бюджет системасы ҳәм бюджеттен тысқары фондларда топланатуғын мәмлекетлик финанс ресурслары қәлиплестириледи ҳәмде олар мәмлекет функцияларын орынлаўы ушын пайдаланылады.

Салықлардың тәртипке салыў функциясы олардың социаллық ислеп шығарыў, пән-техника раўажланыўын тезлестириў ҳәм улыўма экономикалық сиясатты жүритиўге тәсир көрсетиўши әҳмийетли қуралы екенлиги менен көрсетиледи. Салықлар мәмлекетте жүз берип атырған социаллық-экономикалық процесслерге тәртипке салыўдың тийкарғы усылы есапланады. Олар халық хожалығының түрли тараўларын раўажландырыўды қошаметлеў усылы сыпатында хызмет қылыўы мүмкин, ол ҳәр тәреплеме турғынлардың сатыа алыўшы қәбилетин белгилеп береди, демек оның абаданлығына тиккелей тәсир көрсетеди. Социаллық тараўда салықлар мәмлекеттеги демографиялық жағдайға, тәлим,

[16] Винницкий Д.В. Налоги и сборы Понятие. Юридические признаки. Генезис. М, 2000. С. 12-48.

медицина, миграция процесслерине де тәсир етеди.

Салықлардың қайта бөлистириў функциясы болса, салық системасы миллий товарды қайта бөлистириўди әмелге асырыўы ҳәм буның менен ол экономиканы структуралық қайта қурыў, халыққа социаллық кепилликлерди тәмийинлеўде тиккелей қатнасыўын аңлатады. Салықлар жәрдеминде мәмлекет юридикалық ҳәм физикалық шахслардың пайдасын экономика ҳәм социаллық тараўды раўажландырыў ушын бағдарлап, қайта бөлистиреди. Салық салыў арқалы айырым социаллық топарлар дәраматлары ортасындағы парықларды кемейтип, жойтып алыў мақсетинде салыстырмаларды өзгертиў жолы менен социаллық теңликти қоллап-қуўатлаўға ерисиледи.

Мәмлекет өз финанслық қатнасықларын пайда етиўде пайдаланатуғын басқа мәжбүрий төлемлерди белгилеўи де усындай усылға тийисли.

2. Пул қаржыларын қайтарып бериў шәрти менен мәжбүрий алыў усылы.

Заманагөй әмелиятта бул мәмлекетлик финанс искерлигине қарағанда кем ушырайтуғын усылы болып, мәнис итибары менен өзинде мәжбүрий заёмды сәўлелендиреди - яғный мәмлекет келешекте қайтарыў шәрти менен белгили юридикалық ҳәм физикалық шахслардан пул қаржысын мәжбүрий түрде алады. Бундай заёмлар урыс ўақтында айырым мәмлекетлерде (мысалы, Францияда "урыс заёмы" өндирилген) қолланылған. Усындай усылдан пайдаланыўдың өзине тән формасы сыпатында мәмлекет тәрепинен кәрхана, мекеме ҳәм шөлкемлерге қаржыларын мәмлекет банклеринде сақлаў мәжбүриятын жүклеўши тәртиптиң еңгизилиўин көрсетиў мүмкин. Көринип турғанындай, бул мәмлекет банклери (нәтижесинде мәмлекеттиң өзиниң де) ссуда фонды дереги болып хызмет қылады. Усындай жағдайды жеке меншик банклери өз резерв фондларын орайлық (миллий) банкте сақлаўы, жеке меншик суғурта шөлкемлери өзлериниң суғурта резерв қаржыларын мәмлекет қымбат бахалы қағазларында жайластырыўлары лазымлығын көзде

тутыўшы тәртиптиң еңгизилиўине де айтыў мүмкин.

3. Қайтарып бермеў шәрти менен пул қаржыларын ыхтыярый топлаў усылы.

Бунда мәмлекеттиң улыўма дәраматлары системасында салмақлы орын ийелемейди, ол юридикалық яки физикалық шахслардың пул яки валюта қымбат баҳалыкларын мәмлекет пайдасына қаир сақаўат, сауға қылыў ямаса басқаша жәрдем формасында бериўде өз көринисин табады. Солай болсада, ол әмелде ушырайды ҳәмде бул оны мәмлекетлик финанс искерлиги ғәрезсиз усылы сыпатында көрсетиў ҳуқықын береди.

Усындай усылы әдетте ўатансиўшилик ҳәм халықтың пуқаралық искерлигине тәсири болады (мысалы, Германияда Екинши жәҳән урысынан кейин айырым пуқаралар мәмлекетке өзлеринде сақлап қалынған қымбатбаҳа буйымларды ыхтыярый түрде тапсырған). Бул сондай-ақ, урыс ўақтында, қәўипли тәбийий апатшылықлар, бахытсыз ҳәдийселер ҳәм олар нәтийжесинде көп муғдарда адамлар жәбир көргенде, пуқаралар тәрепинен мәмлекетке жәрдем сыпатында материаллық жәрдем бериўинде сәўлеленеди.

Усындай усыл ҳәр түрли қаир сақаўат, жәмәәт ҳәм диний шөлкемлер тәрепинен де жүдә кең қолланылсада, оларды мәмлекетлик финанс искерлиги усылы сыпатында көрсете алмаймыз, себеби бунда пул қаржылары мәмлекет (жергиликли) бюджетине емес, керисинше белгили шөлкемлер есабына келип түседи.

4. Қайтарыў шәрти менен пул қаржыларын ыхтыярый топлаў усылы.

Усындай усыл тийкарында қарыз, анығырағы ыхтыярый қарыз шәртнамасы жатады. Усы усыл бәрше раўажланған ҳәм раўажланып атырған мәмлекетлерде ҳәр қыйлы мәмлекет заёмлары (утыслы, пайызлы, мақсетли, буйымлы ҳәм т.б.) формасында шығарылады ҳәмде мәмлекеттиң қарыз мәжбүриятын сәўлелендириўши ҳәр қыйлы мәмлекет қымбат баҳалы қағазлары тәризинде рәсмийлестириледи. Мәмлекет банклери яки мәмлекет фонд кассаларында пул сақлаўды да усындай усылды әмелге

асырыў сыпатында баҳалаўымыз мүмкин. Халықаралық кредит тийкарында пул қаржысын еңгизиў де усы усылға тийисли. Бунда усындай процессте жүзеге келиўши қатнасықлар кредит тусине ийе болады.

Ҳуқықый көз-қарастан мәмлекет заёмлары - бул мәмлекет тәрепинен юридикалық ҳәм физикалық шахслардың ўақтынша бос турған қаржыларын бюджет дефицитин қаплаў ҳәм пул қатнасығын тәртипке салыў мақсетинде ыхтыярыйлик, мүддетлик, қайтарыў шәртлери тийкарында ҳақы есесине топлаў бойынша қатнасықлардың ҳуқық нормалары менен тәртипке салыныўы болып табылады.

Мәмлекет кредитин әмелге асырыў процессинде жүзеге келетуғын (ҳуқықый ҳәм экономикалық) қатнасықлар тәбияты ҳаққындағы мәселе жүзесинен әдебиятларда түрли пикирлер билдирилген. Атап айтқанда, Е.В.Покачалова ғәрезсиз финанслық-ҳуқықый институт сыпатында мәмлекет кредитине ғәрезсиз түрлес финанслық қатнасықлардан пайда болған[17].

Усы орында айтып өтиў керек, мәмлекет заёмы менен байланыслы қатнасықлар экономикалық көз-қарастан финанслық емес, бәлкимм кредит қатнасықларына тийисли есапланады.

Жоқарыдағыларға жуўмақ сыпатында соны айтыў мүмкин, тап сол экономикалық қатнасық усы ўақытта ҳәм финанслық ҳәм кредит қатнасығы бола алмайды. Олар өз-ара парықланыўшы пул қатнасықларының ғәрезсиз түрлери: финанслық қатнасықлар пул қымбат баҳалыкларының қайтарып берилмеўин аңлатса; кредит қатнасықлары керисинше қайтарылыў принциплери тийкарында түрленеди.

Солай екен, бизлердиң пикиримизше, мәмлекет кредитин мәмлекет заёмлары түринде әмелге асырыў нәтийжесинде экономикалық көз-қарастан финанслық емес, бәлкимм кредит қатнасықлары жүзеге келеди. Ҳуқықый көз-қарастан усы қатнасықлар пуқаралық-ҳуқықый характерге ийе болады. Ҳуқықый тәртипке салыў усылы бойынша усындай

[17] Финансовое право / Отв. ред. Н.И.Химичева. 3-е изд., перераб. и доп.-М., 2002.-С. 510.

қатнасықлар шәртнамалы көринисте, яғный ҳуқықый тәртипке салыў усылы диспозитив усыл есапланады. Себеби, Өзбекистан Республикасы Пуқаралық Кодексиниң 743-статьясының айнан мәмлекет заёмы шәртнамасына бағышланғанлығы да бийкар емес. Усы ўақытта мәмлекет заёмларын жайластырыў мәмлекетлик финанс искерлиги усылы болып, оның жәрдеминде мәмлекет фондлары дүзилиўин де бийкар етип болмайды.

Өзбекистан Республикасы Пуқаралық Кодексиниң жоқарыда айтып өтилген 743-статьясына көре, мәмлекет заёмы шәртнамасы бойынша мәмлекет қарыз алыўшы, пуқара яки юридик шахс болса қарыз бериўши болады. Мәмлекет заёмлары ыхтыярый болып есапланады. Мәмлекет заёмы шәртнамасы қарыз бериўшиниң қарыз алыўшыдан оған қарызға берилген пул қаржыларын яки, заём шәртлерине байланыслы жағдайда, басқа мал-мүлкти, белгиленген пайызларды яки басқа мүлкий ҳуқықларды заёмды ҳәрекетке шығарыў шәртлеринде нәзерде тутылған мүддетлерде алыў ҳуқықын тастыйықлайтуғын мәмлекет облигациялары яки басқа мәмлекет қымбат баҳалы қағазларын қарыз бериўшиниң сатып алыў жолы менен дүзиледи. Ҳәрекетке шығарылған заёмның шәртлерин өзгертиўге (заёмды конверсиялаў), сол қатардан Пуқаралық Кодексиниң 383-статьясында нәзерде тутылған тийкарларға көре, өзгертиўге жол қойылмайды, нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған жағдайлар буннан мустасно.

## 2.2. Мәмлекетлик пул қаржылары фондларын бөлистириў усыллары

"Бөлистириў" атамасы усындай ҳалатта пул қаржысының өз фондын тәрк етип, мәмлекет яки оның ўәкилликли финанс органы оны ажыратқан субъект ыхтыярына келип түсиўин аңлатады.

Мәмлекетлик пул қаржылары фондын бөлистириўдиң дәстүрий усыллары сыпатында финанслаў ҳәм кредитлеў болып парықланади.

Финанслаў усылы пул қаржыларын қайтарып бермеў шәрти менен бийғәрез усыныўда сәўлеленеди. Кредитлеў болса, қағыйда сыпатында қайтарыў ҳәм пайда көриў (пуллай) шәртлери тийкарында пул қаржысын ажыратыўды көзде тутады. Финанслаў мәмлекет мүлки тийкарында искерлик көрсетип атырған шөлкемлерге қарағанда; кредитлеў болса, ҳәм мәмлекет ҳәм жеке мүлк ҳуқықы тийкарында ҳәрекет етип атырған кәрхана, мекеме ҳәм шөлкемлерге қолланылады.

Н.И.Химичеваның айтыўынша, мәмлекетлик пул қаржыларын бөлистириўде қолланылатуғын жоқарыдағы усыллардың ҳәр бири пул қаржысынан пайдаланыў мақсети, олардың дереги, усы қатнасықларда қатнасыўшы субъектлердиң шөлкемлескен-ҳуқықый кӧриниси ҳәм басқа факторлардан келип шыққан ҳалда ишки классификациясына ийе болады. Пул қаржысын мәмлекеттен мәмлекет шөлкемлери де финанслаў да кредитлеў арқалы; мәмлекетлик емес шөлкемлер болса, тийкарынан кредитлеў арқалы алады (мысалы, фермер хожалықларына имтиязлы шәртлер тийкарында кредит бериў)[18].

О.Н.Горбунова бул ҳаққында, "Финанслаў - бул пул қаржыларын социал тараўдың бәрше инвестиция, қорғаныў, басқарыў киби тәреплерин сақлаў ушын пул қаржыларын қайтарып бермеў ҳәм бийғәрезлик тийкарында усыныўдан ибарат"[19], деп жазады. Усы ўақытта автор кредитлеўди тек ғана банк кредити көз-қарасынан үйрениўге ҳәрекет қылады. Усындай искерлик пенен мәмлекет ямаса басқа қәнигелескен кредит мекемелери де шуғылланыўы мүмкинлиги инабатқа алынбаған.

Базар экономикасы шәраятында бюджет нызамшылығында мәмлекет бюджетинен кредит ажыратыў менен байланыслы қатнасықларды тәртипке салыў мақсетинде "Бюджет системасы ҳаққында"ғы нызамдағы тийкарғы түсиниклер дизимине бюджет кредити түсинигин киритиў лазым. Онда бюджет кредити дегенде, мәмлекет бюджетинен төмен турыўшы

---

[18] Финансовое право: Учебник / Отв. ред. проф. Н.И.Химичева. -М.: БЕК, 1997. -С. 9-10.
[19] Финансовое право: Учебник / Под ред. О.Н.Горбуновой. 2-е изд., перераб. и доп.- М.: Юристь, 2000.- С. 23.

бюджетлерге, шет ел мәмлекетине, шет ел юридик шахсына қайтарыў ҳәм пайда көриў тийкарында пул қаржысы берилиўи түсиниледи, деген қағыйдаға бойсыныўы зәрүр.

Мәмлекетлик пул қаржылары фондларын бөлистириўде бир қатар арнаўлы усыллардан да пайдаланылады. Әсиресе, трансфертлар ажыратыў усылы, субвенция усылы, дотация, субсидия усылы кибилер усылар қатарынан.

Субвенция усылы жоқары дәрежедеги бюджет тәрепинен белгили мүддетке ҳәм анық мақсетлер ушын бюджеттен пул қаржысын ажыратыўдан ибарат. Мәмлекетлик финанс искерлигиниң усындай усылы экономиканы ҳәкимшилик-буйруқпазлық системасы тийкарында басқарыў шәраятында қолланылмаған болып, 90-жыллардың басларына келип актив түрде ингизле баслады.

Дотаия усылы - мақсетсиз пул қаржылары ажыратыў болып, илгери де ҳәзирги ўақытта да финанс системасында қолланылып келинбекте.

Трансфертлар ажыратыў усылы - республика бюджетинен жергиликли бюджетлерге жәрдем сыпатында пул қаржысын ажыратыўдан ибарат.

Е.Ю.Грачеваның жазыўынша, финанслаў дегенде қағыйда сыпатында режели, мақсетли, бийғәрез ҳәм қайтарып бермеў шәрти менен пул қаржысын бериў түсиниледи. Кредитлеў де режели ҳәм мақсетли, бирақ ҳақы есесине ҳәм қайтарыў шәрти менен әмелге асырылады. Автор басқа усыллар қатарына облигация, қымбат баҳалы қағазлар бойынша есап-китапларды, сондай-ақ, суғурта төлемлери, пенсия, напақаларды төлеўди киритеди[20].

Солай етип, мәмлекетлик финанс искерлигиниң тийкарғы усыллары сыпатында финанслаў ҳәм кредитлеў ортасындағы тийкарғы парық финанслаў мәмлекетлик пул қаржыларын бийғәрез ҳәм қайтарып бермеў

[20] Финансовое право / О.Н.Горбунова, Е.Ю.Грачева и др.; Отв. ред. Е.Ю.Грачева, Г.П.Толстопятенко. - М., 2004. - С. 9.

шәрти менен, кредитлеў болса, ҳақы есесине ҳәм қайтарыў шәрти тийкарында әмелге асырылады. Бул усындай усыллар қолланылыўы менен жүзеге келип атырған қатнасықларға да өз тәсирин көрсетеди: финанслаўда финанслық, кредитлеўде болса кредит қатнасықлары жүзеге келеди.

Бирақ соны айтып өтиў керек, "финанслаў" атамасы айырым жағдайларда қандайда бир шахс яки искерликти пул менен тәмийинлеў киби кең мәниде қолланылады. Сол қатардан, "кредитлеў жолы менен финанслаў" сөз бирикпесин ушыратыўымыз мүмкин. Усы атамалардың тийкарғы мәнисинен келип шығатуғын болсақ, бундай ибараның орынсыз дүзилгенлигиниң гуўасы болыўымыз мүмкин.

М.В.Карасева усы түсиниклер орнына қайтарыў шәрти менен финанслаў ҳәм қайтарып бермеў шәрти менен финанслаў деген түсиниклерди қоллайды[21] ҳәмде бирғана финанслаў түсинигинде басқа авторлар еки атамада қоллайтуғын мазмунды ашып бериўге ҳәрекет қылады.

Әмелдеги нызамшылықта болса, "финанслаў" қаржы алыўдың ҳуқықый статусы емес, бәлким олардың дерегине қарамастан улыўма көлеми түсинилгенде, жәнеде кеңейтирилген ҳалда көрип шығылып, банк кредитин де қамрап алады.

Бирақ бундай жағдайда мәмлекетлик емес банклери тәрепинен әмелге асырылатуғын кредитлеў мәмлекетлик финанс искерлиги элементи бола алмаслығын айтып өтиў лазым. Солай етип, "финанслаў" түсиниги бир мәниске ийе емес ҳәм түрли мәнислерде қолланылады, деген жуўмаққа келиў мүмкин. Биз болсақ, финанслық искерликке енгизиў усы атаманы дәстүрий мәнисинде, яғный мәмлекетлик пул қаржылары фондынан қайтарып бермеў шәрти менен бийғәрез пул қаржысын ажыратыў сыпатында қоллаймыз. Бунда финанслаў экономикалық финанслық қатнасық сыпатында белгили болады, бунда пул формасындағы қымбат

[21] Карасева М.В. Финансовое право. Общая часть: Учебник. - М: Юристь, 2000. - С. 22.

баҳалыклар бир тәреплеме, яғный оған жууап ретинде товар-пул қатнасықларына тән болған товар формасындағы ҳәм на кредит қатнасықларына тийисли болған усындай көлемдеги қаржыны қайтарыў формасындағы қарсы ҳәрекет болмайтуғын қатнасықты сәулелендиреди.

Финанслаў усылы менен улыўма алғанда ҳәр қандай мәмлекетлик пул қаржысы фондын бийлик етиў мүмкин. Бирақ, белгили пул қаржысы фондын қәнигелестириў оны усындай усыл жәрдеминде бөлистириўди қысқарттырыўы ямаса улыўма жоқ етиўи де мүмкин. Сол қатардан, Пенсия фондынан пенсия төлеўди яки суғурта фондынан мәжбүрий медициналық суғурта ушын төлемлерди төлеўди финанслаўды бөлистириўши усылы сыпатында баҳалап болмайды.

Сол себептен сөз мәмлекетлик пул фондларын қаржылаў сыяқлы усыл менен бөлистириў жөнинде барар екен, әдетте бюджет нәзерде тутылады.

Финанслаў ол қайсы пул қаржысы фондынан әмелге асырылып атырғанлығына, кимге усынып атырғанлығына ҳәмде усыныў шәртлерине қарап белгили түрлерге бөлинеди.

Финанслаў бюджет есабынан әмелге асырылса, бюджеттен финанслаў деп аталады. Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң "Бюджет шөлкемлерин финансластырыў тәртибин жеделлестириў ҳаққында"[22] 1999 жыл 3 сентябрдеги 414-санлы қарары менен 2000 жыл 1 январдан баслап бюджет шөлкемлери қарежетлерин финансластырыўдың жаңа тәртиби әмелге киритилди.

Ҳәзирги ўақытта бюджеттен финанслаўдың бир неше түрлери бар:

Бюджеттен пул қаржыларын финанслаў тәртибинде әпиўайы ажыратыў бюджеттен қаржы ажыратыў (ассигнования) деп аталады. Бюджеттен қаржы ажыратыў - нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған тәртипте Мәмлекет бюджетинен бюджет шөлкемлерине ҳәмде басқа бюджет қаржылары алыўшыларға ажыратылатуғын пул қаржылары.[23]

---

[22] Ушбу қарорга Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Мазкамасининг 2001 йил 31 декабрдаги 490-сонли ва 2002 йил 30 декабрдаги 455-сонли қарорларига мувофиқ равишда тегишли ўзгартиришлар киритилган.

[23]

Бюджеттен финанслаў тәртибинде ажыратылатуғын қаржылардың айырым түрлери арнаўлы атамалар менен аталады: дотация, ссуда, субвенция, субсидия.

"Бюджет дотациясы - өз дәраматлары ҳәм бюджетти тәртипке салыўшы басқа қаржылар жетиспеген жағдайда төмен бюджеттиң қарежетлери менен дәраматлары ортасындағы парықты қаплаў ушын жоқары бюджеттен төмен бюджетке қайтарып бермеў шәрти менен ажыратылатуғын пул қаржылары;

Бюджет ссудасы - жоқары бюджеттен төмен бюджетке ямаса республика бюджетинен резидент-юридик шахсқа яки шет ел мәмлекетине қайтарыў шәрти менен ажыратылатуғын қаржы;

Бюджет субвенциясы - нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған тәртипте белгили мақсетлерге сарыплаў шәрти менен жоқары бюджеттен төмен бюджетке қайтарып бермеў шәрти менен ажыратылатуғын пул қаржылары"[24].

Қағыйда сыпатында финанслаўдың соңғы басқыштағы объекти сыпатында мәмлекет мекемелери белгили болады. Мәмлекет шөлкемлери болса, ҳәзирги базар экономикасы шәраятында бюджеттен финанслаў системасына тийкарланып өз-өзин финанслаў системасына өтпекте. Мәмлекет шөлкемлериниң өз-өзин финанслаўы да том мәниде мәмлекет финанслаўының өзине тән түри болып қалабереди, бул ҳалатта да мәмлекет шөлкемине қараслы орайласпаған пул қаржылары фондында пул қаржысының бөлистириўи жүз береди.

Соның менен бирге бюджет қаржыларынан пайдаланыўшы субъектлерге қарап финанслаўдың еки тийкарғы ҳуқықый статусын көрсетиўимиз мүмкин:

а) мәмлекет мүлки хожалық жүритиў ҳуқықы тийкарында бириктирилген коммерциялық шөлкемлерин финанслаў;

---

[24] Ўзбекистон Республикаси Бюджет Кодекси. 2014. Lex.uz

б) бюджет есабында болған ҳәмде коммерциялық емес шөлкем есапланған мәмлекет мүлкине оператив басқарыў ҳуқықы тийкарында ийелик етип атырған мәмлекет мекемелерин финанслаў, яғный смета-бюджет жолы менен финанслаў.

Сондай-ақ, жоқарыдағылардың ҳәр екеўиниң де айырым белгилерин өзинде жәмлестирген мүлкти оператив басқарыў ҳуқықы тийкарында искерлик жүритиўши бюджет шөлкемлерин финанслаўды да ажыратып көрсетиў лазым. Усы шөлкемлер басқа мәмлекет шөлкемлерине қарағанда пул қаржыларын режелестириў ҳәм пайдаланыў тәртибинде өзине тән белгилерге ийе.

Мәмлекет қаржыларын мақсетке муўапық, нәтийжели ҳәм үнемлик пенен сарыплаў усы процессти тәртипке салыўшы нызам ҳәм нызам асты норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди жетилистириў зәрүриятын келтирип шығарады. Усы күнге шекем усы мәселелер ҳуқықый ҳүжжетлер менен тәртипке салып келинбекте.

Соңғы жылларда финанслаўдың зәрүр финанслық тийкарларын қалиплестириўде қарыз ҳәм тартылған қаржылардың әҳмийети артып бармақта. Әсиресе шет ел инвестицияларын тартыўға айрықша итибар қаратылмақта.

Мәмлекет карежетлерин финанслаўдың жаңа шөлкемлескен-ҳуқықый формалары сыпатында: объект (дәстүр)лерди таңлаў тийкарында финанслаў; әдетте тәлим мекемеси, дөретиўшилик жәмийет ҳәм т.б..ларға қағыйда сыпатында конкурс яки басқа таңлаў системасы тийкарында грант (белгили талапларға бойсыныў шәрти менен қайтарылмайтуғын ҳәм бийғәрез пул қаржысы) ажыратыў кибилерди көрсетиўимиз де мүмкин.

Мәмлекет дастүрлерин түрли дәрежедеги бюджет ҳәм бюджеттен тысқары дереклер қаржыларынан пайдаланып ҳәр тәреплеме финанслаў да кең тарқалды. Бунда финанслаў түрли мүддетлерде режелестириледи ҳәмде жыллықтан тысқары орта мүддетли ҳәм узақ мүддетли де болыўы мүмкин.

Финанслаўдың бәрше түрлери оларды ҳуқықый тәртипке салыўды жәнеде жетилистириўди талап етеди.

Мәмлекет қарежетлерин финанслаў тәртиби түрли факторлар, сол қатардан, финанслаў дереклери, қаржылардың предметли-мақсетли бағдарына қарап парықланади.

Мәмлекет шөлкемлери искерлигин бюджеттен финанслаў ҳаққында сөз барғанда, соны айтып өтиў орынлы, көплеп мәмлекет социаллық-мәдений бюджет мекемелеринде бюджеттен ажыратылған қаржылардан пайдаланыў менен бир қатарда өз искерликлери нәтийжесинде алынған қосымша бюджеттен тысқары дәраматлардан да пайдаланыўы көзде тутылмақта. Буны базар қатнасықлары раўажланыўы менен көрсетиўимиз мүмкин.

Базар қатнасықлары раўажланған шәраятларда бюджеттен тысқары қаржылардың роли ҳәм әҳмийети сезилерли дәрежеде артып бармақта, олар ҳаққындағы түсиниклер де бираз кеңейди. Соның менен бирге, бюджеттен тысқары қаржылардың режели социалистикалық экономика шәраятларында да бар болған, үш тури - арнаўлы қаржылар, тапсырмалар бойынша суммалар ҳәм депозит суммалары ҳәзирги ўақытта да өз күшин сақлап қалмақта.

Арнаўлы қаржыларға искерлик түрлери бойынша товарлар (жумыслар, хызметлер) ислеп шығарыў ҳәм реализация қылыўдан алынған дәраматлар киреди. Бундай дәраматлар, мысалы, тәлим мекемелери бойынша контракт тийкарындағы оқыў ушын төлем, ден-саўлықты сақлаў мекемелери бойынша - ҳақы төленетуғын медициналық хызмет көрсетиў ушын алынатуғын қаржылар болыўы мүмкин. Буған жәнe бюджет шөлкемлери тәрепинен шет шөлкемлерге ўақтынша пайдаланылмай атырған ханалар ҳәм басқа мәмлекет мүлкин ижараға бериўден түсетуғын дәраматларды, сондай-ақ, юридикалық ҳәм физикалық шахслар тәрепинен бюджет шөлкемлерине қәўендерлик (бийғәрез) жәрдем түринде берилетуғын ыхтыярый ғамхорларды да киритиў мүмкин.

Тапсырмалар бойынша суммалар әмелдеги нызамшылықта белгиленген тәртипте белгили тапсырмаларды орынлағаны ушын бюджет шөлкемлери алатуғын қаржылар болып табылады (мысалы, мәмлекет басқарыў жоқары органы орайласқан фондынан бийлигиндеги шөлкемлер хызметкерлерине ажыратылып, бир мәрте берилетуғын жәрдем пуллары).

Депозит суммалары - бюджет шөлкеми ыхтыярына келип түсип, ийесиниң биринши талабы менен қайтарылыў керек болған қаржылар (мысалы, өз ўақтында алынбаған ис ҳақы; медициналық мекемеде стационар емлениўде болған бийтаплар тәрепинен сақлаў ушын тапсырылған пул қаржылары ҳәм басқалар)[25].

Сондай-ақ, соңғы жылларда финанс ҳуқық теориясында финанслаўдың бюджеттен тысқары дереклери ҳаққында басқаша класификациялар де ушырамақта. Бюджеттен тысқары дереклерди шәртнама тийкарында орынланған ис ҳәм көрсетилген хызметлер (ислеп табылған дәрамат); мийнет нәтийжелери менен байланыслы болмаған ҳәмде қайтарылмайтуғын дәраматлар - ыхтыярый хайр-садақа, материаллық-техникалық үскенелер бериў (ислеп табылмаған дәрамат) нәтийжесинде алынған қаржыларға бөлиў көрилмекте.

Салық кодекси 129-статьясына көре, бюджеттен берилген субсидиялар; егер қаржыларды (мал-мүлк яки мүлкий ҳуқықларды) басқа шахсқа өткериў, ислерди орынлаў, хызметлер көрсетиў Өзбекистан Республикасы Президентиниң яки Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қарары тийкарында жүз берип атырған болса, бийпул алынған қаржылар (мал-мүлк яки мүлкий ҳуқықлар), ислер ҳәм хызметлер; алынған грантларға салық төлеўшиниң дәраматы сыпатында қаралмайды.

Әмелдеги бюджет нызамшылығы бюджет мекемелериниң финанслық искерлиги үстинен бақлаўды күшейттириўге қаратылған. Сонын менен, бюджет шөлкеми - жуўапкершилигине жүклетилген ўазыйпаларды

[25] Ли А. Ўзбекистон Республикаси молия ҳуқуқи: Дарслик / Масъул муҳаррир: проф. М.Ҳ.Рустамбоев. - Тошкент: ТДЮИ, 2004. - Б. 298-299.

орынлаў менен байланыслы болған өз искерлигин әмелге асырыўы ушын Мәмлекет бюджетинен қаржы ажыратыў нәзерде тутылған ҳәм бул қаржы финансластырыўдың тийкарғы дереги есапланатуғын министрлик, мәмлекет шөлкеми, орган, мәмлекет шөлкеми есапланады ("Бюджет системасы ҳаққында"ғы нызам 3-статьясы).

Бюджет шөлкемлери Өзбекистан Республикасы Финанс министрлиги тәрепинен тастыйықланған бюджет есабынан финансластырыў нормативлерине тийкарынан қарежетлер сметасы ҳәм штатлар кестесин ғәрезсиз түрде ислеп шығады ҳәм тастыйықлайды ҳәмде оларды нызамшылықта белгиленген тәртипте дизимнен өткериў ушын Өзбекистан Республикасы Финанс министрлиги яки оның аймақлық финанс органларына усынады.

Айтып өтиў орынлы, бюджет шөлкемлериниң рухсат етилген исбилерменлик яки басқа дәрамат келтириўши искерлиги нәтийжесинде қолға киритken бюджеттен тысқары қаржыларын ғәрезсиз сарыплаў ҳуқықына ийе. Бирақ, әмелдеги нызамшылықта бул ҳаққында анық көрсетпелер белгиленбеген. Усы ўақытта пуқаралық кодексинде де "ғәрезсиз бийлик етиў" сыяқлы айрықша мүлк ҳуқық белгиленбеген болып, бул илимий дөгереклерде бир-қанша тартыслы пикирлерди келтирип шығарады.

Улыўма алғанда бүгинги күнде бюджет реформаларын әмелге асырыў менен байланыслы бир қатар машқалалар бар болып, бул мәмлекет қарежетлерин басқарыўды жеделлестириў шәраятында тәбийий ҳалат, деп ойлаймыз.

Бүгинги күнде бюджет бир тәрептен, ҳақыйқатында да мәмлекеттиң финанслық режеси болып есапланады, басқа тәрептен болса, мәмлекет қарежетлерин финанслаў улыўма тәризде баҳаланған басқа дәрамат келтириўши эҳтимолий дереклерди де есапқа алыў лазым. Бунда, финанслаўды толық ҳәм әдил баҳалаў ушын бюджетти толтырыўшы ҳәмде бюджеттен тысқары фондлар қаржыларын топлаў ҳәм бөлистириўди

өзинде сәўлелендириўши қосымша финанслық реже дүзиў зәрүр. Финанслаўдың бәрше дереклерин көрип шығыў тийкарындағана мәмлекет искерлигиниң финанслық ресурслар менен реал тәмийинлениўин, демек, финанслаўдың жетерлилигин анықлаў мүмкин.

Жуўмақлап айтқанда, экономикадағы терен реформалар нәтийжеси көре мәмлекет қарежетлерин финанслаў жаңа белгилерди пайда ете баслады: мәмлекет қарежетлерин финанслаў дереклери шеңбери кеңейди; финанслаўдың жаңа шөлкемлескен-ҳуқықый түрлери жүзеге келди.

Мәмлекетлик пул қаржылары фондларын бөлистириўдиң екинши дәстүрий усылы кредитлеў есапланады.

Жоқарыда айтып өткенимиздей, кредитлеў дегенде пул қаржыларын мәмлекетлик пул қаржылары фондларынан қайтарыў шәрти менен ҳәм ҳақы есесине бериў түсиниледи. Усы орында айтып өтиў керек, нызамшылықта бийғәрез кредитлеў де нәзерде тутылған.

# 3-БАП. МӘМЛЕКЕТ ФИНАНСЛЫҚ ХЫЗМЕТИН ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЎШЫ МӘМЛЕКЕТ УЙЫМЛАРЫ СИСТЕМАСЫ ҲӘМ ОЛАРДЫҢ ҲУҚЫҚЫЙ ЖАҒДАЙЫ

## 3.1. Мәмлекет финанслық хызметин әмелге асырыўда ўәкилликли уйымлардың тутқан орны

Мәмлекет финанслық хызмети мазмуны, мәниси ҳәм өзгешеликлери бойынша алып барылған миллий ҳәм шет елли илимий изертлеўлер анализ етилип ҳәмде нызам ҳүжжетлери белгилеп берген тийкарларға сүйенип, мәмлекет финанслық хызмети процессинде еки тийкарғы элемент жүзеге келиўи ҳаққындағы жуўмаққа келдик. Булар:

-бириншиден, мәмлекеттиң финанслық системасы, яғный орайласқан ҳәм орайласпаған мәмлекет пул қаржылары жамғармалары - мәмлекет бюджети, мәмлекет мақсетли жамғамалары (бюджеттен тыс жамғармалар), мәмлекет ҳәм банк кредити, қамсызландырыў, кәрхана ҳәм мекемелердиң пул қаржылары жамғармалары;

-екиншиден, мәмлекет финанслық хызметин әмелге асырыўшы мәмлекет уйымлары системасы.

Мәмлекет финанслық хызмети қәнийгелик жумысымыздың объекти сыпатында таңланған екен, әлбетте буны мәмлекеттиң мәлим бир шөлкемлестириўшилик дүзилмелери арқалы тиккелей қатнасыўысыз көз алыдымызға келтирип болмайды. Мәмлекет финанслық хызметиниң орайласқан пул қаржылары жамғармаларын дүзиў, бөлистириў ҳәм пайдаланыўға қаратылғанлығы себепли усы процессте барлық мәмлекет ҳәкимияты уйымларының қатнасыўын көриўимиз мүмкин.

Мәмлекет атынан ҳәм оның мәплерин гөзлеп финанслық хызметти әмелге асырыўшы уйымлар системасын анықлаў ҳәм оларды финанс ҳуқықы көз-қарасынан анализлеў базы бир өзине сай өзине сай өзгешеликлерди келтирип шығады. Сонлықтан, финанс ҳуқықында, басқа

ҳуқық тараўларынан айырмашылығы, мәмлекет ўазыйпалары ҳәм функцияларын әмелге асырыў тек оның уйымларына ғана емес, ал ҳәкимшилик-аймақлық дүзилмелерге де жүклетилгенлигин көриўимиз мүмкин. Мәселен, көплеген ҳуқық тараўларында (конституциялық, ҳәкимшилик, хожалық) мәмлекет ўазыйпалары ҳәм функцияларын әмелге асырыўшы субъект сыпатында мәмлекет уйымлары анықланса, финанс ҳуқықында финанслық хызмет тараўындағы айрым бир ўәкилликлер ҳәкимшилик-аймақлық бирликлерге (республика, ўәлаят, район, қала) берилгенлигиниң гуўасы болыўымыз мүмкин. Бул әсиресе, бюджет системасында анық көринеди.

Финанс ҳуқықы пәни көлеминде мәмлекет финанслық хызмети бойынша алып барылған илимий изертлеўлердиң барлығында, финанслық хызметтиң субъектлери сыпатында мәмлекет уйымлары менен бирге, ҳәкимшилик-аймақлық бирликлерди де көриў мүмкин.

Улыўма тәлийматқа тийкарланып мәмлекет уйымлары - бул мәмлекетлик ҳәкимият ўәкиллигине ийе болған, мәмлекеттиң ўазыйпалары ҳәм функцияларын әмелге асырыўшы мәмлекет механизминиң бир бөлеги болып есапланады. Мәмлекет уйымлары хызмет бағдары көз-қарасынан шәртли түрде ҳәкимияттың үшке бөлиниўи тийкарында қәлиплеседи. Бул - нызам шығарыўшы, атқарыўшы ҳәм суд ҳәкимияты уйымлары болып есапланады.

Мәмлекет уйымлары нызам ҳүжжетлеринде беккемленген мәмлекет-ўәкилликлери көлеминде мәмлекет атынан ҳуқықый әҳмийетке ийе қарарлар қабыллаў ҳәм бул қарарлардың орынланыўын тәмийинлеў имканиятына ийе. Мине сол өзгешелик арқалы мәмлекет уйымлары жәмийеттеги басқа шөлкем ҳәм дүзилмелерден айырмашылыққа ийе.

Жоқарыда көрсетилип өтилгениндей, мәмлекет ҳәм жәмийеттиң нормал функцияланыўы ҳәмде раўажланыўы бойынша ўазыйпаларды әмелге асырыўды тәмийинлеў мақсетинде финанслық хызметтиң дүзилиўи ҳәм әмелге асырылыўы себепли, бунда барлық мәмлекет ҳәкимияты

уйымлары қатнасады.

Финанс ҳуқықы бойынша алып барылған барлық изертлеўлерде финанслық хызметти әмелге асырыўшы мәмлекет уйымлары ўәкилликлери көлеми ҳәм өзгешелигинен келип шыққан ҳалда, олар еки топарға: улыўма ўәкилликли ҳәм арнаўлы ўәкилликли мәмлекет уйымларына бөлинген. Улыўма ўәкилликли мәмлекет уйымлары сыпатында – нызам шығарыўшы уйым, Президент, Ҳүкимет; арнаўлы ўәкилликли мәмлекет уйымлары сыпатында - финанс, банк ҳәм салық уйымлары системасы көрсетип өтиледи.

Көплеген ҳуқықтаныўшы илимпазлардың пикирине қосылған ҳалда, мәмлекет уйымларының финанслық хызметти әмелге асырыўдағы қатнасыўын, әлбетте, олардың компетенциясы белгилеп береди.

Ш.Б.Билолхўжаева көрсеткениндей: "ўәкиллик қурамалы ҳуқықый категория болып, басқарыўдың шөлкемлестириўшилик дүзилмеси ушын сай. Ўәкиллик мәмлекет уйымы статусынан келип шығады. Ўәкиллик - оның қурамындағы бирликлериниң әпиўайы бирлиги болмай, ал олардың системалы жыйындысы болып есапланады"[26].

Айрым илимий жумысларда мәмлекет уйымлары компетенциясында қандайда бир субъект ҳәрекети биринши орынға қойылады ҳәмде компетенция мәлим бир функцияларды (шөлкемлестириў, тәртипке салыў, қадағалаўды) әмелге асырыўға қаратылған мәмлекет алдындағы миннетлемени ҳәм басқарылыўшы субъектлердиң ҳуқықларын өз ишине алады.

Мәмлекет финанслық хызмети процессинде пул қаржыларын шөлкемлестириў, бөлистириў ҳәм пайдаланыў менен байланыслы жағдайда жүзеге келетуғын жәмийетлик қатнасықдардың ҳәр қыйлы ҳуқық тараўларының (конституциялық, ҳәкимшилик, финанс, пуқаралық, халықаралық ҳәм басқалар) предмети сыпатында анықланыўын болыўын итибарға алған ҳалда, усы процессте тек басқарыў уйымлары емес, бәлким

---

[26] Билолхўжаева Ш. Бюджетное право Республики Узбекистан. - Ташкент: ТГЮИ, 2008. - С. 27.

барлық мәмлекет уйымлары қатнасыў мүмкинлигин көрсетип өтпекшимиз.

Демек, финанслық хызметти әмелге асырыўда мәмлекет ҳәкимияты ҳәм басқарыў уйымларының барлығы қатнасады. Финанслық хызметтеги мәмлекет ҳәкимияты уйымларының қатнсаыўы олардың ўәкиллиги көлеми менен белгилеп бериледи. Ҳәзирги күнде финанслық хызметти әмелге асырыўшы уйымларды шәртли түрде еки топарға ажыратыў мүмкин:

1) өзиниң басқа ўәкилликлери қатырында финанслық хызметти әмелге асырыўшы – улыўма ўәкилликли мәмлекет уйымлары;

2) мәмлекет пул қаржыларын шөлкемлестриў, бөлистириў ҳәм пайдаланыў тийкарғы хызмети есапланған - арнаўлы ўәкилликли мәмлекет уйымлары.

Өзбекистан Республикасы әмелдеги нызам ҳүжжетлериниң анализи Өзбекистанда финанслық хызметти әмелге асырыўшы улыўма ўәкилликли мәмлекет уйымларына - Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилиси, Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети ҳәм ҳәким басшылық ететуғын жергиликли мәмлекет ҳәкимияты уйымларын киритиўге тийкар болды.

Барлық хызмет бағдарлары сыяқлы мәмлекет финанслық хызметиниң де басланғыш тийкарларын Өзбекистан Республикасының Конституциясы белгилеп берди. Өзбекистан Республикасының Конституциясында мәмлекет ҳәкимияты уйымлары финанслық хызметин шөлкемлестириў ҳәм әмелге асырыўдың тийкарғы принциплери менен бир қатарда, мәмлекет уйымларының финанс тараўындағы айырым ўәкилликлери де беккемленген.

Сондай-ақ, Конституцияның 76-статьясына тийкарланып Өзбекистан Республикасының Олий Мәжилиси жоқары мәмлекет ўәкиллик уйымы болып, нызам шығарыўшы ҳәкимиятты әмелге асырады. Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилиси еки палатадан - Нызамшылық

палатасы (төменги палата) ҳәм Сенаттан (жоқары палата) ибарат.

Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилиси ўәкиллиги көлеминде:

- финанс тараўындағы нызамларды қабыллайды;

- финанслық сиясаттың тийкарғы бағдарларын белгилейди ҳәмде мәмлекеттиң стратегиялық дәстүрлерин қабыллайды;

- финанслық хызметти әмелге асырыўшы уйымлар системасын ҳәм ўәкилликлер көлемин белгилейди;

-Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң усынысына тийкарланып Өзбекистан Республикасының Мәмлекетлик бюджетин қабыллайды ҳәм оның орынланыўын қадағалайды;

- бажы, валюта ҳәм кредит ислерин нызам жолы менен тәртипке салады;

- салықлар ҳәм басқа мәжбүрий төлемлерди жәриялайды;

- Өзбекистан Республикасы Есап палатасының есабатын көрип шығады;

- финанс тараўына тийисли халықаралық шәртнамаларды ратификация ҳәм денонсация қылады.

Өзбекистан Республикасының Олий Мәжилиси нызам ҳүжжетлерине тийкарланып басқа ўәкилликлерди де әмелге асырады.

Усы конституциялық нормаларды турмыста қолланыў мақсетинде Өзбекистан Республикасының "Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилисиниң Сенаты ҳаққында"ғы, "Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилисиниң Нызамшылық палатасы ҳаққында"ғы нызамлары ҳәм басқа нызам ҳүжжетлери қабыл қылынды.

Мәселен, Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилиси Сенатының жалпы мәжилислерин өткизиў, нызамшылық тәртип-принциплерин әмелге асырыў тәртибин белгилеў ҳәмде Сенат жумысын шөлкемлестириў менен байланыслы басқа мәселелерди тәртипке салыў мақсетинде Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилиси Сенатының 2005 жыл 6-майдағы "Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилиси Сенатының Регламентин

тастыйықлаў ҳаққында"ғы Қарары[27] менен Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилиси Сенатының Регламенти тастыйықланды.

Сенат регламентине тийкарланып гезектеги финанс жылы ушын Мәмлекет бюджетиниң жойбары Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен усы жылдың 15 октябринен кешиктирмей Сенатқа жибериледи.

Нызамшылық палатасы тәрепинен қабыл қылынған Мәмлекет бюджети Сенаттың көрип шығыўы ушын тапсырылады ҳәм жуўапкер комитет тәрепинен дәслепки түрде көрип шығылады.

Мәмлекет бюджетине тийисли материаллар сенаторларға алдын-ала, усы бюджет Сенат Мәжилисинде көрип шығылғанға шекем жибериледи.

Мәмлекет бюджетин Сенат Мәжилисинде додалаў Өзбекистан Республикасы финанс ўәзири яки оның ўазыйпасын орынлаўшы шахстың баянаты менен басланады.

Мәмлекет бюджети бойынша қарар Сенат тәрепинен сол жылдың 15 декабринен кешиктирмей қабыл қылыныўы керек.

Мәмлекет бюджетине Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң усынысына тийкарланып белгиленген тәртипте өзгерислер ҳәм қосымшалар киритилиўи мүмкин. Мәмлекет бюджетине өзгерислер ҳәм қосымшалар киритиў ҳаққындағы мәселе Сенаттың жақын арадағы мәжилисинде көрип шығылыўы керек. Мәмлекет бюджетине өзгерислер ҳәм қосымшалар усы бюджетти қабыл қылыў ушын белгиленген тәртипте киритиледи.

Демек, жоқары ўәкиллик уйымы сыпатында Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилисиниң мәмлекет финанслық хызметиндеги қатнсаыўын оның тийкарғы хызметинен келип шыққан ҳалда көрсетип өтиўимиз мүмкин.

Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилис палаталары мәмлекеттиң

[27] "Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси палаталарининг Ахборотномаси", 2005 йил, 5-сон.

тийкарғы орайласқан финанслық жобасы - Мәмлекет бюджетин қабыл қылады ҳәм оның үстинен қадағалаўды алып барады; Мәмлекет бюджети дәраматларының тийкарғы дереги есапланған - салықлар ҳәм басқа мәжбүрий төлемлерди жәриялайды; бажы, валюта ҳәм кредит ислерин тәртипке салады.

Финанс тараўындағы нызам ҳүжжетлериниң әмелде орынланыўын тәмийинлеў көп тәрептен парламент қадағалаўының қандай дәрежеде шөлкемлестирилгенлиги ҳәм алып барылыўына байланыслы болады. Әмелдеги нызамшылығымызда бундай қадағалаўды алып барыўдың ҳуқықый тийкарлары орнатылған болып, оның өз ўақтында ҳәм нәтийжели әмелге асырылыўы менен финанслық хызметти ҳуқықый тәртипке салыў тараўында жүзеге келиўи мүмкин болған машқалалар сапластырылады.

Мәмлекеттиң ўәкилликли уйымлары системасында Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилисинен басқа, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық, қалалық Кеңеслерде бар. Олардың финанслық хызмети тараўындағы ўәкилликлери Өзбекистан Республикасы Конституциясы, Өзбекистан Республикасының 1993 жыл 2-сентябрде қабыл қылынған "Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты уйымлары ҳаққында"ғы нызамы[28] ҳәм басқа нызам ҳүжжетлери менен белгилеп берилген.

Өзбекистан Республикасы Конституциясының 100-статьясында жергиликли мәмлекет ҳәкимияты уйымлары жумысының тийкарғы бағдарларынан бири сыпатында - аймақларды экономикалық, социаллық ҳәм мәдений раўажландырыў; жергиликли бюджетти қәлиплестириў ҳәм оны орынлаў, жергиликли салықлар, жыйымларды белгилеў, бюджеттен тыс жамғармаларды дөретиў, көрсетип өтилген.

"Жергиликли мәмлекет ҳәкимияты уйымлары ҳаққында"ғы Өзбекистан Республикасы нызамына тийкарланып болса, халық депутатлары ўәлаятлық, районлық, қалалық Кеңеси ўәлаят, район, қала

[28] Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгаш Ахборотномаси 1993 й. 9-сон, 320-модда

бюджети ҳәм оның орынланыўына тийисли есабатларды тастыйықлайды.

Халық депутатлары ўәлаятлық, районлық, қалалық Кеңеси:

- пуқаралар, мүлкшилик формасына қарамастан, кәрханалар, мекемелер ҳәм шөлкемлердиң ықтыярлы төлемлери ҳәм хошаметлеўлерден;

- Өзбекистан Республикасы нызамларына муўапық өндирилетуғын айырым түрдеги жәриймалардан;

-бюджеттен тыс басқа каржылардан қуралған бюджеттен тыс фондлар дүзиўи мүмкин.

Халық депутатлары ўәлаят, Ташкент қалалық Кеңеси Өзбекистан Республикасының нызамларына муўапық ўәлаят, қала валюта фондын дүзиў ҳәм олардан Халық депутатлары Кеңесиниң карарларына тийкарланып пайдаланыўға ҳақылы.

Халық депутатлары ўәлаят, район, қала Кеңесиниң тийкарғы жумыс формасы сессия болып табылады. Халық депутатлары ўәлаят, район, қала Кеңеси сессиясында додаланып атырған мәселелер бойынша ашық яки жасырын даўыс бериў арқалы, депутатлар улыўма санының көпшилик даўысы менен қарар қабыл қылынады.

Сессия додалаўына киритилетуғын мәселелерди дәслепки түрде қарап шығыў ҳәм таярлаў, Халық депутатлары Кеңеси қарорларын ҳәм Өзбекистан Республикасының нызам ҳүжжетлерин жүзеге шығарыў ушын көмеклесиў, ўәкилликлери көлеминде қадағалаўды орнатыў мақсетинде Халық депутатлары Кеңеси өз ўәкиллиги мүддетине турақлы ҳәм ўақтыншалық комиссиялар дүзеди.

Улыўма алғанда, мәмлекеттиң ўәкилликли уйымларының финанслық хызметин төмендеги өзине сай өзгешеликлер менен белгилеўимиз мүмкин:

-бириншиден, мәмлекеттиң ўәкилликли уйымлары мәмлекет ҳәм жәмийет ушын әҳмийетке ийе улыўма, ҳәмметиң мәплерине тийисли болған финанслық мәселелерди шешеди;

-екиншиден, мәмлекеттиң ўәкилликли уйымларының финанслық хызмети өзине сай усылларда (олар императив түрде болып, тәртипке салыў, белгилеў, орнатыў, тастыйықлаў ҳәм тағы басқаларда аныкланады) әмелге асырылады;

-үшиншиден, мәмлекеттиң ўәкилликли уйымлары тиккелей финанслық хызмет пенен шуғыўланыўшы мәмлекет уйымлары қәлиплесиўи ҳәмде олар хызметин шөлкемлестириўде жүдә әҳмийетли орын тутады.

## 3.2. Мәмлекет финанслық хызметин әмелге асырыўшы улыўма ўәкилликли атқарыў ҳәкимияты уйымлары ҳәм олардың ўәкилликлери

Мәмлекет финанслық хызметин әмелге асырыўда тиккелей қатнасыўшы мәмлекет уйымларынан және бири - бул улыўма ўәкилликли атқарыў ҳәкимияты уйымлары болып табылады.

Жәмийетлик қатнасықларды тәртипке салыўшы нызамларды қабыл қылыў менен бир қатарда олардың әмелиятта анық ҳәм нәтийжели орынланыўын тәмийинлеў де актуаль мәселелерден есапланады.

Айтып өтиў орынлы, мәмлекет финанслық хызметин әмелге асырыў ушын дүзилген финанс, банк ҳәм салық уйымлары өз искерлиғинде ғәрезсиз болса да, аткарыў ҳәкимияты тармағына тийисли болады. Бул соның менен тийкарланады, барлық финанс уйымлары жумысы мәмлекеттиң жеке финанслық сиясатын (салық, пул-кредит, бюджет, валюта ҳәм басқалар) алып барыўға қаратылған болады. Жеке мәмлекетлик финанслық сиясатын нәтийжели жүритиў мақсетинде барлық мәмлекет уйымлары жеке система сыпатында ҳәрекет қылыўлары лазым.

Атқарыў ҳәкимияты - абстрак сиясий-ҳуқықый категория болып, мәмлекет ҳәкимияты барлығын көрсетеди, нызамларды ҳәм оның нормаларын турмыста қолланыў мақсетинде әмелге асырылады, мәмлекет

уйымларының турақлы функцияланыўын, инсанлардың ҳуқық ҳәм еркинликлерин қорғаўды, жәмәәт тәртиби ҳәм қәўипсизлиғыни тәмийинлейди. Атқарыў ҳәкимиятының усы функцияларды орынлаўы арқалы басқарыў ҳәрекетлери әмелге асырылады ҳәм басқарыў қарарлары қабыл қылынады.

Атқарыў ҳәкимияты - бул мәмлекет ҳәкимиятының тийкарғы көринислеринен бири болып, төмендеғы өзига сай өзгешеликлер менен сыпатланады:

бириншиден, атқарыў ҳәкимиятының әмелге асырыў процессинде қандайда бир мәселе бойынша қабыл қылынған қарар орынланады. Атқарыў ҳәкимияты сондай мәмлекет хызмети болып, бунда нызам ҳәм басқа нормативлик ҳүжжетлерде белгиленген ҳуқық нормалары қолланылады (орынланады). Бул арқалы әмелдеги нызамшылық талаплары тиккелей ҳәм туўрыдан-туўры орынланады; атқарыў ҳәкимияты тәсири астында болған объектлардиң нормал ҳәм нәтийжели жумысы тәмийинленеди; пуқаралар ҳуқықлары ҳәм ерикнликлериниң әмелге асырылыўы, мәмлекеттиң жәмийет алдындағы миннетлемелериниң орынланыўын тәмийинлеў мақсетине ерисиледи;

екиншиден, атқарыў ҳәкимияты өзин көрсетиўдиң айрықша ҳуқықый формаларына (нормативлик ҳәм жеке тәртиптеғы актлерди қабыл қылыў) ийе болып, ол арқалы атқарыў ҳәкимиятын әмелге асырыў процессиндеғы барлық тийкарғы ўазыйпалар шешиледи;

үшиншиден, атқарыў ҳәкимиятын әмелге асырыў арнаўлы субъектлер жуўапкершилиғыне жүкленеди[29].

Ю.Н.Стариловтың пикиринше, атқарыў ҳәкимияты уйымлары - бул ҳәкимият уйымлары системасының бир бөлеғы болған ҳәм басқа нормативлик ҳүжжетлерди орынлаў ҳәм орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде мәмлекет тәрепинен дүзилетуғын, басқарыў ҳәрекетлериниң арнаўлы форма ҳәм усылларынан пайдаланып, мәмлекет ҳәм жәмийет

[29] Э. Хожиев, Т. Хожиев. Маъмурий хуқуқ. -Т.: 2006. Б.33-35

турмысының барлық тараўларында басқарыў функцияларын әмелге асыратуғын, тийисли дүзилиске, компетенцияға, мәмлекет-ҳәкимият ўәкилликлерине, мәмлекет хызметкерлери штатларына ийе болған шөлкем болып есапланады[30].

Атқарыў ҳәкимияты уйымлары - хожалық, жәмийетлик-мәдений ҳәм ҳәкимшилик-сиясий дүзимге басшылық қылыў процессинде нызамлар ҳәм нызамасты ҳүжжетлериниң орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде дүзиледи. Сол себепли, оларға тийисли болған мәмлекет ҳәкимияты ўәкилликлери - орынлаў ҳәм буйрық бериў яки мәмлекет басқарыў хызметин әмелге асыратуғын тараўлар көлеминде болады.

Базы бир ҳуқықый әдебиятларда, атқарыў ҳәкимияты уйымларының өзине сай өзгешеликлери сыпатында төмендеғылер көрсетип өтиледи:

1) нызамшылық ҳәм суд ҳәкимияты уйымлары сыяқлы мәмлекет аппаратының айрықша буўыны есапланады. Атқарыў ҳәкимияты уйымлары мәмлекет атынан оның сиясатын түрли тараўларда - хожалық, жәмийетлик-мәдений ҳәм ҳәкимшилик-сиясий тараўларда әмелге асырады; мәлим бир көлемдеғы мәмлекет ҳәкимияты ўәкилликлерине ийе болады;

2) атқарыў ҳәкимияты уйымларына берилетуғын мәмлекет ҳәкимияты ўәкилликлери олардың ҳуқықларында өз көринисин табады;

3) атқарыў ҳәкимияты уйымлары өз жумысларын нызамлар тийкарында ҳәм нызамларды орынлаў мақсетинде әмелге асырады, яғный олардың хызмети нызамасты өзгешеликке ийе;

4) республика ҳәм жергиликли көлемде ҳәрекет қылыўшы атқарыў ҳәкимияты уйымлары жеке мәмлекет ҳәкимшилиғы системасын шөлкемлестиреди;

5) атқарыў ҳәкимияты уйымлары - шөлкемлестириўшилик дүзилиске, яғный бойсыныўшы дүзилмелик бөлимлерди дүзиўди нәзерде тутыўшы ишки қурылысқа ийе болган мәмлекет уйымы есапланады;

---

[30] Бахрах Д.Н., Россинский Б.В., Старилов Ю.Н. Административное право. - М.: Норма, 2004. 186-б.

8) ҳәр бир атқарыў ҳәкимияты уйымы — мәмлекет басқарыўы хызметиниң мәлим бир аймақлық яки предметли көлемине ийе.

Демек, мәмлекет ҳәкимияты уйымлары системасында атқарыў ҳәкимияты уйымлары өзине сай өзгешеликлери арқалы әхмийетли бир орынды ийелейди. Олар хызметиниң тийкарғы бағдары сыпатында нызам ҳүжжетлерин орынлаўда анықланады. Мәмлекеттиң орайласқан пул қаржылары жамғармаларын дүзиў, бөлистириў ҳәм пайдаланыўға қаратылған финанслық хызмети олардың тиккелей қатнасыўында әмелге асырылады.

Әмелдеги нызам ҳүжжетлерине тийкарланып мәмлекетимизде атқарыў ҳәкимияты уйымлары системасына Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети басшылық қылады.

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң мәмлекет финанслық хызметиндеғы қатнасыўы тиккелей конституциялық нормаларға тийкарланады. Атап айтсақ, Өзбекистан Республикасы Конституциясының 98-статьясында Министрлер Кабинети экономиканың, жәмийетлик ҳәм руўхый тараўдың нәтийжели жумысына басшылықты тәмийинлеўи белгиленген.

"Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети ҳаққында"ғы 2003 жыл 28-августтағы Нызам[31]ына тийкарланып Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети мәмлекетлик басқарыў уйымлары системасына ҳәм өзи дүзетуғын хожалық басқарыў уйымлары системасына басшылық қылады, олардың бирге жумыс алып барыўын тәмийинлейди.

Министрлер Кабинети өз жумысы бойынша Өзбекистан Республикасы Президенти ҳәм Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилиси алдында жуўапкер болады.

Министрлер Кабинети қурамына Өзбекистан Республикасы Бас ўәзири, оның орынбасарлары, министрлер, мәмлекетлик комитетлердиң

---

[31] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис Ахборотномаси 2003 й. 9-10-сон, 138-модда

басшылары киреди.

Министрлер Кабинети өз ўәкилликлери көлеминде:

- экономикалық, социаллық – мәдений процесслерди басқарады;

- Өзбекистан Республикасында пул ҳәм кредит системасын беккемлеў илаж ҳәм усылларын әмелге асырыўға көмеклеседи, жеке баҳа сиясатын өткизиў, мийнетке ҳақы төлеў муғдарының белгиленген кепилликлерин ҳәмде социаллық тәмийнат дәрежесин тәмийинлеў илажларын ислеп шығады ҳәм әмелге асырады;

- Өзбекистан Республикасының Мәмлекетлик бюджетин, сондай-ақ Өзбекистан Республикасын экономикалық ҳәм социаллық раўажландырыў келешектеги көрсеткишлерин ҳәм ең әҳмийетли дәстүрлерин ислеп шығыўды ҳәмде олардың орынланыўын шөлкемлестиреди.

Мәмлекет басқарыўының, хожалық ҳәм социаллық-мәдений қурылысының ең әхмийетли мәселелери Министрлер Кабинетиниң мәжилислеринде шешиледи.

Нызамшылыққа тийкарланып, төмендегилер тек Министрлер Кабинетиниң мәжилислеринде көрип шығылады:

бириншиден, Өзбекистан Республикасы мәмлекет бюджетин ислеп шығыў ҳәм орынлаў, сондай-ақ Өзбекистан Республикасы Ҳүкимети қарамағындағы анық мақсетли мәмлекет фондларын қәлиплестириў ҳәм олардан пайдаланыў мәселелери;

екиншиден, басқарыў дүзилмесин жетилистириў мәселелери, Өзбекистан Республикасын ҳәм оның айырым аймақларын экономикалық ҳәм социал-мәдений раўажландырыў дәстүрлери жойбарлары;

үшиншиден, мәмлекет қымбат баҳалы қағазларын шығарыў көлеми ҳәмде Өзбекистан Республикасының мәмлекети ишки ҳәм сыртқы карызы көлемин асырыў ҳаққындағы усыныслар;

төртиншиден, салықлар ҳәм басқа мәжбүрий төлемлер ставкаларын белгилеў ҳәмде өзгертириў ҳаққындағы усыныслар;

бесиншиден, мәмлекет мүлки объектлерин меншиклестириў

дәстүрлериниң жойбарлары ҳәмде меншиклестириўден алынған қаржылардан пайдаланыўдың тийкарғы бағдарлары ҳаққындағы усынислар;

алтыншадан, белгилеп қойылған мәмлекет ставкалары қолланылатуғын өнимлер, товарлар ҳәм хызметлер дизими;

жетиншиден, нызамшылық басламасы тәртибинде Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилисиниң Нызамшылық палатасына киритилетуғын нызамлар жойбарлары;

сегизиншиден, мәмлекетлер аралық шәртнамалар ҳәм питимлерди тастыйықлаў ҳаққындағы усынислар.

Өзбекистан Республикасының 2000 жыл 14 декабрде қабыл қылынған "Бюджет системасы ҳаққында"ғы Нызамы[32]на тийкарланып Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети:

-мәмлекет бюджети жойбары ислеп шығылыўын шөлкемлестиреди ҳәм оны Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилисине усынады;

-мәмлекет бюджетиниң орынланыўын шөлкемлестиреди;

-Өзбекистан Республикасы Финанс министрлиги ҳәм мәмлекет басқарыўы басқа уйымларының мәмлекет бюджетин орынлаў барысындағы жумысларын муўапықластырады ҳәм қадағалайды;

-мәмлекет мақсетли жамғармалары қаржыларын қәлиплестириў ҳәм олардан пайдаланыў тәртибини белгилейди;

-мәмлекет бюджетин орынлаў ҳаққында белгиленген тәртипте Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилиси тастыйықлаўына мағлыўмат киритеди.

Өзбекистан Республикасының 1995 жыл 21 декабрде қабыл қылынған "Өзбекистан Республикасының Орайлық банки ҳаққында"ғы Нызамы[33]да Орайлық банктиң Өзбекистан Республикасы Ҳүкимети менен қатнасықлары беккемленген болып, оған көре Ҳүкимет келеси финанс

[32] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис Ахборотномаси 2001 й. 1-2-сон, 6-модда
[33]Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис Ахборотномаси 1995 й. 12-сон, 247-модда

жылында кредитлеўдиң ишки ҳәм сыртқы дереклеринен қарыз ажыратыў, сондай-ақ, усы қарыз көлеминде төленетуғын суммаларды бериш жобалары, сондай-ақ кредит бериўдиң усыныс етилип атырған мүддетлери ҳәм шәртлери ҳаққында Орайлық банк менен мәсләҳәтлеседи.

Мәмлекет бюджетиниң орынланыўына Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети улыўма басшылықты әмелге асырады. Усы процессте мәмлекет дәраматлары ҳәм мәмлекет қаржылары ортасындағы теңсалмақлылықты тәмийинлеў мақсетинде, айырым жағдайларда қосымша қаржылар талап қылыныўы мүмкин. Бул жағдайды инабатқа алған ҳалда, әмелдеги нызам ҳүжжетлеринде, Ҳүкиметтиң кредит көринисинде қарыз алыўы тәртипке салынған.

Атап айтқанда, "Өзбекистан Республикасының Орайлық банки ҳаққында"ғы Нызамының 48-статьясына тийкарланып кредитлер Ҳүкиметке Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилиси тәрепинен тастыйықланған муғдарда бир жыл ишинде көлеми төленетуғын активлер (алтын, шет ел валютасы, халықаралық резервлер топарына кириўши валюта байлықлары ҳәм басқа байлықлар; мәмлекет қарыз миннетлемелери ҳәм Ҳүкимет кепиллик берген басқа қарыз куралларьı; Орайлық банкте депозитке өткизилген ҳәм оның депозитарийсы ушын қолайлы болған, сатып алыўға ҳәм сатылыўына руқсат берилген яки Орайлық банк олар менен усы нызам көлеминде басқа түрли операциялар өткизиўи мүмкин болған активлер; төлениўине банклар кепиллик берген коммерциялық векселлери) гиреўге қойылыўы шәрти менен бериледи.

Министрлер Кабинетиниң мәмлекет финанслық хызметиндеги қатнасыўы онда дүзилген ҳәр қыйлы дүзилмелердиң жумысы сыпатында да анықланады.

Сондай-ақ, Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2008 жыл 30 июлдағы "Жәмийетлик-экономикалық изертлеўлер орайын Прогнозластырыў ҳәм макроэкономикалық изертлеўлер институты етип

қайта дүзиў ҳаққында"ғы Қарары[34]на тийкарланып Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Прогнозластырыў ҳәм макроэкономикалық изертлеўлер институты дүзилди ҳәмде оның тийкарғы жумыс алып барыў бағдарлары сыпатында: салық-бюджет, пул-кредит, сыртқы экономикалық ҳәм валюта сиясаты менен тығыз байланыслы ҳалда макроэкономикалық көрсеткишлерди терең анализлеў, жәҳән экономикасының раўажланыў тенденцияларын ҳәм миллий экономикаға тәсир көрсететуғын сыртқы факторларды үйрениў, оның тийкарында мәмлекетти тийисли ҳәмде турақлы макроэкономикалық раўажландырыўдың сәйкес модели, механизмлери ҳәм прогнозларын ислеп шығыў;

финанс-банк системасын жәнеде реформалаў ҳәм либералластырыў, салық, бюджет ҳәмде кредит сиясатын жетилистириў, пул машқаласын беккемлеў, инфляцияға қарсы жумысларды тәртипке салыўдың нәтийжели механизмин жәриялаў, миллий валюта турақлылығын тәмийинлеў бойынша тенденцияларды анализлеў ҳәм усыныслар ислеп шығыў белгиленди.

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2008 жыл 2-майдағы "Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң орынлаў аппараты ҳаққындағы Режени тастыйықлаў ҳаққында"ғы Қарары[35]на тийкарланып Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети орынлаў аппараты жууапкершилигине республиканы социал-экономикалық раўажландырыў тенденцияларын комплексли анализлеў, макроэкономикалық көрсеткишлер динамикасының қурамлы ҳәм институционал қайта өзертириўлериниң, Өзбекистан Республикасы мәмлекетлик бюджети орынланыўының системалы мониторингин алып барыў ўазыйпасы жүклетилген.

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети орынлаў

[34] "Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами", 2008 йил, 33-сон, 310-модда.
[35] "Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами", 2008 йил, 19-сон, 155-модда.

аппараты қурамында Макроэкономикалық раўажландырыў, экономикадағы қурамлы өзгерислер ҳәм аймақларды комплексли раўажландырыў мәселелери жыйнағы мағлыўматларды талықлаў департаменти жумыс алып барады.

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2009 жыл 26-ноябрдеги "Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң мағлыўматларды талықлаў департаментлери ҳәмде ҳуқықый экспертиза ҳәм халықаралық шәртнамалар басқармасы ҳаққындағы Режелерди тастыйыклаў ҳаққында"ғы Қарарына тийкарланып сайланды департаментиниң тийкарғы ўазыйпалары қатарына: мәмлекет ҳәм хожалық басқарыў уйымлары ҳәмде Министрлер Кабинетиниң орынлаў аппараты мағлыўмат талықлаў департаментлери тәрепинен таярланатуғын әҳмийетли экономикалық, жәмийетлик машқалалар, институционал ҳәм қурамлы реформалар, сондай-ақ банк-финанс системасын реформалаў бойынша Ҳүкиметтиң мақсетли дәстүрлери ҳәм қарарлары жойбарларын республиканың стратегиялық мәплери ҳәм мақсетлерине муўапықлығы жүзесинен эксперт баҳалаўы, олардың раўажланыўының макроэкономикалық көрсеткишлерине, экономика тармақларының турақлы раўажланыўына тәсирин баҳалаў киритилген.

Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2007 жыл 21-сентябрдеги "Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети Мағлыўмат системалары ҳәм телекоммуникациялар мәселелери мағлыўмат-талықлаў департаментиниң дүзилмесин тастыйықлаў ҳаққында"ғы Пәрманына муўапық дүзилген Мағлыўмат системалары ҳәм телекоммуникациялар мәселелери мағлыўмат-талықлаў департаменти жуўапкершилигине:

экономика тараўларында, басқарыў системасында, банк ҳәм финанс системаларында, ири ислеп шығарыў кәрханаларында мағлыўмат-коммуникация технологияларын раўажландырыў ислериниң аҳўалы көрсеткишлери ҳәм анализи системаларын ислеп шығыўға тийисли жумысларды шөлкемлестириў;

финанс, банк ҳәм қамсызландырыў секторларында, он-лайн төлем системаларында мағлыўмат-коммуникация технологияларынан кең түрде пайдаланыўды хошаметлеў ҳәм дүзиў, электрон саўданы раўажландырыў бойынша усынıслар таярлаў;

исбилерменлик, ислеп шығарыў, пән ҳәм билимлендириў, финанс, медицина, мағлыўмат ҳәм банк хызметлери, транспорт тараўында мағлыўмат-коммуникация технологияларын жәнеде жариялаў бойынша мониторинг алып барыў, анализлеў ҳәм усынıслар таярлаў ўазыйпалары жүклетилген.

Өзбекистан Республикасы Президентиниң 1995 жыл 27-июндағы "Өзбекистан Республикасы миллий валютасының ишки еркин алмастырылыўын жәнеде кеңейттириў илажлары ҳаққында"ғы Пәрман[36]ын орынлаў мақсетинде Республика пул-кредит сиясаты комиссиясы дүзилди. Усы комиссия қурамында:

1) валюта ресурслары дереклери ҳәм оларды толтырыў запаслары бойынша;

2) пул-кредит сиясаты ҳәм пул эмиссиясын қысқартырыў бойынша;

3) инвестиция дәстүрлери бойынша;

4) тутыныў базарын тәмийинлеў ҳәм оның балансы бойынша исши топарлар жумыс алып барады.

Комиссияның тийкарғы ўазыйпалары:

- Республикада алып барылып атырған пул-кредит, финанс ҳәм валюта сиясатын муўапықластырыў;

- пул айланысы ҳәм Халық хожалығындағы есап-китаплар аҳўалы, валюта операцияларын орынлаў тәртибине бойсыныў ҳәмде Өзбекистан Республикасы экономикасының үстинликке ийе тармақларын раўажландырыў ушын ажыратылып атырған кредитлерден, сондай-ақ бюджет ҳәм бюджеттен тыс жамғармалар қаржыларынан мақсетли

[36]Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис Ахборотномаси 1995 й. 7-8-сон, 155-модда

пайдаланыўы үстинен ўәкилликли уйымлар тәрепинен нәтийжели қадағалаўды орнатыў;

- барлық хожалық жүритиўши субъектлер, банклар ҳәм шөлкемлердиң пул айланысы, кредитлеў ҳәм есап - китаплар, сыртқы-экономикалық хызмет ҳәм валютаны тәртипке салыў, инвестицияларды қатнастырыў ҳәм олардан пайдаланыў ҳәмде тутыныў базарын қорғаўда әмелде болған нызамлар ҳәм нормативлик ҳүжжетлерге қатаң түрде бойсыныўы;

- валюта түсимлеринин өсиўи, сондай-ақ сыртқы экономикалық байланыслар қатнасыўшыларының валюта ресурсларынан нәтийжели пайдаланыўлары;

- мәмлекет экономикасына шет ел инвестицияларын қатнастырыў ҳәм олардан нәтийжели пайдаланыў;

- ишки тутыныў базарын раўажландырыў, оның жоқары сыпатлы товарлар ҳәм хызметлер менен толтырылыўын тәмийинлеўге бағдарланылған илажлар комлексин ислеп шығыў ҳәм әмелге асырыўдан ибарат.

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2004 жыл 14 апрелдеги "Мүддети өткизилип жиберилген дебиторлық ҳәм кредиторлық қарызларды қысқартырыў ҳәм бюджетке төлемлер қағыйдасын беккемлеў бойынша Республика комиссиясы жумысын шөлкемлестириў ҳаққында"ғы Қарарына тийкарланып, мүддети өткизилип жиберилген дебиторлық ҳәм кредиторлық қарызларды қысқартырыў ҳәм бюджетке төлемлер қагыйдасын беккемлеў бойынша Республика комиссияси жуўапкершилигине төлемлер қағыйдасын беккемлеў, мүддети өткизилип жиберилген дебиторлық ҳәм кредиторлық қарызларды қысқартырыў бойынша илажлар комплексин ислеп шығыў ҳәм әмелге асырыў, хожалық жүритиўши субъектлер ортасындағы төлемлер ҳәм есап-китаплар системасын жетилистириў, бюджетке ҳәмде мәмлекет мақсетли фондларына салықлар ҳәм мәжбүрий төлемлердиң өз ўақтында түсиўин

тəмийинлеў, бюджетке ҳəмде мəмлекет мақсетли фондларына қарызларды қысқартырыў ҳəм олар жүзеге келиўиниң алдын- алыў, кейиншелик усы илажлардың орынланыўын қадағалаў жүклетилген.

Улыўма ўəкилликли атқарыў ҳəкимияты уйымлары системасына ҳəким басшылық ететуғын атқарыў аппараты да киреди. Өзбекистан Республикасы Конституциясы, Өзбекистан Республикасының 1993 жыл 2сентябрьде қабыл етилген "Жергиликли мəмлекет ҳəкимияты уйымлары ҳаққында"ғы нызамы ҳəм басқа да нызам ҳүжжетлерине тийкарланып ўəлаят, район, қала ҳəкими ўəлаят, район ҳəм қаланың жоқары лаўазымлы шахсы болып, бир ўақытта тийисли аймақтағы ўəкиллик ҳəм атқарыў ҳəкимиятын басқарады.

Ўəлаят, район ҳəм қала ҳəкими: ўəлаят, район ҳəм қаланы экономикалық ҳəм жəмийетлик раўажландырыўдың тийкарғы бағдарларын, ўəлаят, район, қала бюджетиниң тийкарғы көрсеткишлерин ҳəм олардың орынланыўына тийисли есабатларды Халық депутатлары Кеңесиниң тастыйықлаўына усынады.

Ҳəким жобаластырыў, бюджет, финанс, есап-китап тараўында нызам ҳүжжетлеринде өз ўəкиллигине берилген басқа мəселелерди де шешеди.

Демек, Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети мəмлекет басқарыў уйымлары системасына ҳəм өзи дүзететуғын хожалық басқарыў уйымлары системасына басшылық қылыў, олардың биргеликте жумыс алып барыўын тəмийинлеў, экономикалық, жəмийетлик-мəдений процесслерди басқарыў; Өзбекистан Республикасында пул ҳəм кредит системасын беккемлеў илажларын əмелге асырыўға көмеклесиў, жеке баҳа сиясатын өткизиў; Өзбекистан Республикасы мəмлекетлик бюджетин, сондай-ақ Өзбекистан Республикасының экономикалық ҳəм жəмийетлик раўажландырыў келешек көрсеткишлерин ҳəм ең əҳмийетли дəстүрлерин ислеп шығыў ҳəмде олардың орынланыўын шөлкемлестириў арқалы мəмлекет финанслық хызметин əмелге асырыўда қатнасады.

Ўәлаят, район ҳәм қала ҳәкими тийисли аймақты экономикалық ҳәм жәмийетлик раўажландырыўдың тийкарғы бағдарларын, жергиликли бюджетлердиңг тийкарғы көрсеткишлерин ҳәм олардың орынланыўына тийисли есабатларды Халық депутатлары Кеңесиниң тастыўықлаўына киритеди, жобаластырыў, бюджет, финанс, есап-китап тараўында нызам ҳүжжетлеринде өз ўәкиллигине берилген басқада мәселелерди шешеди.

## 3.3. Мәмлекет финанслық хызметин әмелге асырыўшы арнаўлы ўәкилликли атқарыў ҳәкимияты уйымлары ҳәм олардын ўәкилликлери

Мәмлекет финанслық хызметинде мәмлекет пул қаржылары жамғармаларын дүзиў, бөлистириў ҳәм пайдаланыў тараўындағы жумысын тиккелей әмелге асырыўшы арнаўлы ўәкилликли мәмлекет уйымлары айрықша орынды ийелейди.

Мәмлекет финанслық хызметин әмелге асырыўшы мәмлекет уйымлары қатарына, айырым ҳуқықтаныўшы илимпаз[37]лардың пикиринше, финанс, банк ҳәм салық уйымларынан тысқары, мәмлекет бажыхана уйымлары да киреди. Олардың пикиринше, мәмлекет бажыхана уйымлары мәмлекет пул қаржылары жамғармаларын шөлкемлестириўде тиккелей қатнасады.

Бизиң пикиримизше, бириншиден, мәмлекет финанслық хызметин әмелге асырыўшы арнаўлы ўәкилликли уйымлар сыпатында - финанс, банк ҳәм салық системасы уйымларын көрип шығыў мүмкин. Сондай-ақ, мәмлекет пул қаржыларын шөлкемлестириў процессинде финанс ҳәм салық уйымлары, мәмлекет пул қаржыларын бөлистириў ҳәм пайдаланыўда финанс ҳәм банк системасы уйымлары анықланады;

екиншиден, мәмлекет бажыхана хызмети уйымларының тийкарғы жумысы - бул бажыхана исин жүритиў ҳәм бажыхана қадағалаўын әмелге

[37] Карасева М.В. Финансовое право. Общая часть. - М.: Юристь, 2000.

асырыў болып, усы жумыс процессинде финанслық хызмет пенен байланыслы айырым ўазыйпаларды да орынлайды. Сол себепли оларды мәмлекет финанслық хызметин әмелге асырыўшы арнаўлы ўәкилликли мәмлекет уйымы сыпатында көрип шығыў мақсетке муўапық емес;

үшиншиден, мәмлекет финанслық хызметин әмелге асырыўшы арнаўлы ўәкилликли уйымлар системасы ҳәр бир мәмлекеттиң нызамшылығы тийкарында ҳәр қыйлы болыўы мүмкин.

Өзбекистан Республикасының әмелдеги нызам ҳүжжетлеринен келип шыққан ҳалда, мәмлекет финанслық хызметин әмелге асырыўшы арнаўлы ўәкилликли уйымлар қатарына төмендегилерди киритиўимиз мүмкин:

1) Өзбекистан Республикасы Есап палатасы;

2) финанс системасы уйымлары - Өзбекистан Республикасы Финанс Министрлиги ҳәм оның төменги дүзилмелери;

3)Өзбекистан Республикасы Орайлық банки;

4) мәмлекетлик салық хызмети уйымлары.

Өзбекистан Республикасы Мәмлекет бюджетиниң орынланыўы, мәмлекет актиялери ҳәм пассивлериниң жағдайы ҳәмде ҳәрекети, қымбат баҳалы металлар ҳәм таслар менен операциялар әмелге асырылыўы, алтын-валюта илажларын басқарыў, шет ел капиталын республика экономикасына қатнастырыў ҳәм оннан нәтийжели пайдаланыў, мәмлекеттиң сыртқы қарызы өзине қайтарылыўы турақлы мониторингин ҳәм қадағалаўды тәмийинлеў мақсетинде Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2002 жыл 27- июндағы "Өзбекистан Республикасы Есап палатасын шөлкемлестириў ҳаққында"ғы Пәрманы[38]на тийкарланып Өзбекистан Республикасы Есап палатасы дүзилди.

Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2005жыл 2-апрелдеги "Өзбекистан Республикасы Есап палатасының жумысын

[38] "Ўзбекистон Республикаси қонун хужжатлари тўплами", 2002 йил, 11-12-сон, 88-модда.

шөлкемлестириўди жетилистириў ҳаққында"ғы Пәрманы[39]на тийкарланып болса, Өзбекистан Республикасы Есап палатасы жуўапкершилигине төмендеги тийкарғы ўазыйпалар жүклетилди:

1)Мәмлекет бюджети жойбарынын макроэкономикалық көрсеткишлери ҳәм параметрлерин қәлиплестириў процессин терең ҳәм пуқта үйрениў, оларды базар реформаларын тереңлестириў ҳәм экономиканы еркинлестириўде өткизилип атырған сиясатының әҳмийетли үстинликке ийе бағдарларына, республиканы экономикалық ҳәм жәмийетлик раўажландырыў тараўында қабыл қылынған мақсетли комплексли дәстүрлерге толық сай келиўи көз-қарасынан критикалық баҳалаў;

2) тармақлар ҳәм аймақлар бойынша мәмлекет бюджетиниң дәрамат бөлеги қәлиплестирилиўи ҳәм орынланыўын статьяма-статья, ҳәр тәреплеме терең анализлеў, бюджет дәраматларының тийкарғы статьялары бойынша прогноз көрсеткишлериниң реаллығы ҳәм тығызлығына баҳа бериў, бунда жанылғы-энергетика комплекси, қазып шығарыў санааты, түтыныў товарларын ислеп шығарыў ҳәм саўда, экономиканың дәрамат келтириўши басқа тармақлары ҳәм тараўларындағы запасларын анықлаўға айрықша итибар қаратыў;

3) агросанаат комплексиндеги хожалық жүритиўши субъектлердиң финанслық жағдайы мониторингин әмелге асырыў, аўыл хожалығы ҳәм суў хожалығын раўажландырыўға ажыратылатуғын бюджет қаржылары ҳәмде бюджеттен тыс жамғармалардың қаржыларыдан мақсетли, ақылға сай ҳәм нәтийжели пайдаланыўды қадағалаў;

4) жергиликли бюджетлер қәлиплестирилиўи ҳәм әмелге асырылыўын, олардың балансланыўын турақлы анализлеў ҳәм қадағалаў, жергиликли басқарыў ҳәм пуқаралардың өзин-өзи басқарыў уйымлары жуўапкершилигине жүклетилген ўазыйпалар ҳәмде функцияларды

[39] "Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси палаталарининг Ахборотномаси", 2005 йил, 3-4-сон, 132-модда

орынлаў ушын оларға реал финанслық қаржылар ажыратып бериў ўазыйпасын шешиў зәрүрлигинен келип шыққан ҳалда республика ҳәм жергиликли бюджетлер ортасындағы қатнасты қолайластырыў бойынша усынислар ислеп шығыў;

5) республика дәрежесинде де, жергиликли дәрежеде де мәмлекет бюджетиниң орынланыўы ҳәм мәмлекет қаржыларының жумсалыўы бойынша қадағалаўды шөлкемлестириў ҳәм тәмийинлеў. Мәмлекет қәрежетлерин кемейтириў резервлерин анықлаў. Орайда ҳәм орынларда бюджет қаржыларынан нызамлы, мақсетли ҳәм нәтийжели пайдаланыўды, олардан пайдаланыўда нызам бузыўшылықлар ҳәм жеке мәпи ушын пайдаланыўдың алдын-алыў илажларын әмелге асырыў;

6) бюджеттен тыс жамғармалар - Республика жол жамғармасы, Пенсия жамғармасы, Билимлендириў мекемелерин реконструкция қылыў, турақлы түрде ремонтлаў ҳәм үскенелеў жамғармасы, Жумыс пенен тәмийинлеўге көмеклесиў жамғармасы, Аўыл хожалығын аванслаў жамғармасының мәмлекет бюджети қурамында жыйналатуғын қаржылары толық түсиўи, олардан мақсетли, ақылға сай ҳәм нәтийжели пайдаланылыўы үстинен қатаң түрде қадағалаўды әмелге асырыў;

7) өткизилип атырған пул-кредит сиясатын, миллий валютаны беккемлеў, оның сатылыў қәбилетин асырыў, пул массасы ҳәм пул агрегатларын қолайлы жағдайға келтириў, банктен тысқары пул айланысын кескин қысқартырыў бойынша көрилип атырған илажларды терең анализлеў ҳәм баҳалаў;

8) республика сыртқы саўда айланысының аҳўалын терең изертлеп, республика төлем балансын қәлиплестириў ҳәм оннан пайдаланыўды баҳалаў. Товарлар (ислер, хызметлер) экспорты прогнозы орынланыўы, өним импорты қолайластырылыўының тәмийинлениўи, экспорт түсимлери ҳәм шет ел валютасын сатыў толық түрде ҳәм өз ўақтында болыўы мониторингин әмелге асырыў. Ишки валюта базарында валютаға болған талап ҳәм ксынысты үйрениў, айырбаслаў курсы динамикасы

бойынша усыныслар ислеп шығыў, миллий валютаның еркин алмастырылыўы үстинен қадағалаўды әмелге асырыў;

9) сырттан алынатуғын қарызлардың көлемлери ҳәм мақсетке муўапықлығын сын көз-қарасынан баҳалаў, алынатуғын шет ел кредит ҳәм грант қаржыларынан нәтийжели ҳәм ақылға сай пайдаланылыўын, сондай-ақ Ҳүкимет тәрепинен яки Ҳүкиметтиң кепиллиги менен алынған сыртқы кредитлерге өз ўақтында хызмет көрсетилиўин қатаң түрде қадағалаў;

10) алтын-валюта жамғармаларының жағдайы ҳәм оның ҳәрекети үстинен қадағалаўды әмелге асырыў, сыртқы активлерди басқарыў бойынша әмелге асырылатуғын шара - усылларды анализлеў ҳәм оларды шет еллик банклерге нәтийжели орналастырыў ҳәм қайта орналастырыў бойынша усыныслар ислеп шығыў, алтын-валюта жамғармалары, сондай-ақ қымбат баҳалы металлар ҳәм қымбат баҳалы таслар менен өткизилетуғын операциялар үстинен қадағалаўды тәмийинлеў.

Өзбекистан Республикасы Есап палатасы жумысын жәнеде жетилистириў, мәмлекет бюджети ҳәм бюджеттен тыс жамғармалар қаржыларынан ақылға сай турде пайдаланыўды финанслық қадағалаўдың жүдә әҳмийетли қуралы сыпатында оның хызмети тәсиршеңлиги ҳәм нәтийжелилигин асырыў, усы тараўда қабыл қылынған қарарлардың орынланыўында мәмлекет ҳәм хожалық дүзилмелериниң жуўапкершилигин күшейттириў мақсетинде Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2006 жыл 7-сентябрдеги "Өзбекистан Республикасы Есап палатасы хызметин жетилистириўге тийисли қосымша шара – усыллар ҳаққында"ғы қарарына тийкарланып, мәмлекет салық ҳәм бюджет сиясатының тийкарғы бағдарлары, сондай-ақ Өзбекистан Республикасының нәўбеттеги жыл ушын мәмлекет бюджети жойбары Есап палатасының тийисли жуўмағы менен Министрлер Кабинетине ҳәм Олий Мәжилиске киритиледи; мәмлекет бюджетиниң орынланыўы бойынша ҳәр жылғы есабат Есап палатасы тәрепинен сыртқы аудит ҳәм баҳалаў өткизилгеннен соң Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилисине

тастыйықлаў ушын усыныс етиледи.

Усы Қарардың орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде Өзбекистан Республикасы Финанс Министрлиги, Мәмлекетлик салық комитети ҳәм Есап палатасының 2006 жыл 11 декабрдеги 101, 2006-52, 11-133-санлы қарары[40] менен "Өзбекистан Республикасы Есап палатасы тәрепинен анықланған мәмлекеттиң экономикалық мәплерине жеткизилген зыян суммаларын мәмлекет бюджети дәраматына айландырыў тәртиби ҳаққында Реже" тастыйықланды. Оған көре, Есап палатасының қадағалаў искерлиги Өзбекистан Республикасы Президентиниң жәмийетлик-экономикалық сиясат мәселелери ҳәм шөлкемлестириўшилик - қадағалаў мәселелери бойынша мәмлекет мәсләҳәтшилери менен келисилген ярым жыллық ҳәм жыллық қадағалаў ислери дәстүрлери тийкарында әмелге асырылады.

Өзбекистан Республикасы Президенти ҳәм Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилиси палаталарының тапсырмалары бойынша тексериўлерди әмелге асырыў ўақтында Есап палатасы тәрепинен тексериў нәтийжелери бойынша анализленген жазыўлар таярланып, оларда анықланған дәлийллер ҳәм мәмлекеттиң экономикалық мәплерине жеткизилген зыян суммалары көрсетиледи, усы жазыўлар тексериўди тайынлаған уйымға усыныс етиледи.

Усы Режеде мәмлекеттиң экономикалық мәплерине жеткизилген зыян суммасын өндириўши мәмлекет уйымлары сыпатында:

-Финанс Министрлиги - ажыратылған бюджет яки бюджеттен тыс мақсетли жамғармалардың нызамсыз жумсалған қаржыларын өндирилиўин тәмийинлеўде;

-Мәмлекетлик салық комитети -мәмлекет бюджети ҳәм бюджеттен тыс мақсетли жамғармаларға төлениўи керек болған салықлар ҳәм мәжбүрий төлемлер өндирилиўин тәмийинлеўде;

-Өзбекистан Республикасы Финанс Министрлиги жанында

---

[40] Ўзбекистон Республикаси конун ҳужжатлари тўплами", 2006 йил, 51-52-сон, 526-модда.

бюджеттен тыс мақсетли жамғармалардың орынлаўшы дирекциялары - ажыратылған бюджеттен тыс мақсетли жамғармалардың нызамсыз жумсалған қаржылары өндирилиўин тәмийинлеўде;

-нызам ҳүжжетлери менен Есап палатасының тексериўлери даўамында анықланатуғын зыянды өндириў ўәкиллиги шеңберине киритилген басқа да мәмлекет уйымлары көрсетип өтилди.

Келисилген жеке финанс, салық ҳәм баҳа сиясатын әмелге асырыў, республика экономикасының финанслық күшли болыўын тәмийинлеў, базар қатнасықлары қәлиплесиўи шәраятында баҳа ставкаларын тәртипке салыўдың экономикалық усыллары әҳмийетин күшейтириў мақсетинде Өзбекистан Республикасы Президентиниң 1992 жыл 11-февралдағы "Өзбекистан Республикасы финанс уйымларын басқарыўшы шөлкемлесиўшилик дүзилмесин ҳәм баҳа белгилеў системасын жетилистириў ҳаққында"ғы Пәрманы[41]на тийкарланып, Республика аймағында баҳаларға тийисли мәмлекет сиясатын өткизиў ўазыйпалары Өзбекистан Республикасының Финанс Министрлигине тапсырылып, оның аппараты Өзбекистан Республикасы Мәмлекетлик баҳалар комитетиниң аппараты менен бирлестирилди.

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 1992 жыл 23-ноябрдеги "Өзбекистан Республикасы Финанс Министрлиги ҳаққынағы Режени тастыйықлаў ҳаққында"ғы Қарары[42] менен әмелге киритилген Өзбекистан Республикасы Финанс Министрлигиниң Режесине тийкарланып Өзбекистан Республикасы Финанс Министрлиги республиканың орайлық финанс-экономикалық уйыми сыпатында Өзбекистан Республикасының финанслық монополияға қарсы баҳа сиясатын турмыста қолланады ҳәм оның пүтин аймағында финанс, баҳа ставкасын белгилеў жумысына улыўма басшылықты әмелге асырады. Финанс Министрлиги Өзбекистан Республикасының финанслық ҳәм баха

[41] Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгаш Ахборотномаси, 1992 й. 4-сон, 195-м

[42] "Ўзбекистон Республикаси Ҳукумати қарорлари тўплами", 1992 й , N 11, 37-модда.

сиясатын әмелге асырыўдың бирлигин тәмийинлеўде:

1)Өзбекистан Республикасы финанс системасы қурамына кириўши уйымлар хызметин келисилген жеке финанслық, салық, валюта монополияға қарсы ҳәм баҳа сиясатын қәлиплестириў жумысларын алып барыўға, алтын запасын көбейттириў жолы менен Өзбекистан Республикасының финанслық ғәрезсизлигин тәмийинлеўге, республика экономикасын жақсылаўға, базар қатнасықларын қәлиплестириў шәраятында баҳаны тәртипке салыўдың экономикалық усыллары ролин күшейтириўге ҳәм халықты социаллық қорғаўға бағдарлайды;

2) Халық хожалығы ҳәм жәмийетлик-мәдений тараўды қаржы менен тәмийинлейди, республика аймақларының пүтинлей ислеп шығарыў ҳәм жәмийетлик раўажланыўы ушын негиз жаратады;

3) өз ўәкиллиги көлеминде республика финанс системасы қурамына кириўши уйымлар хызметин қадағалаўды шөлкемлестиреди ҳәм әмелге асырады, олардың жумыс алып барыў усыллары ҳәм формаларын жетилистиреди, усы уйымлар хызметкерлеринин кәсип шеберлигин асырыўын муўапықластырады;

4) Өзбекистан Республикасы Финанс Министрлиги ўәкиллигине кириўши мәселелер бойынша методикалық көрсетпелер, қағыйдалар, прейскурантлар ҳәм басқа ҳүжжетлерди тастыйықлайды ҳәм шығарады;

5) республика халық хожалығын, Өзбекистан Республикасының шет елдеги дипломатиялық ҳәм басқа мәмлекет мекемелерин, халықаралық бирлеспелер ҳәм шөлкемлерге ағзалық төлемлерди төлеўди валюта менен тәмийинлейди.

Буннан басқа, Режеде көрсетип өтилген Финанс Министрлигиниң мәмлекет финанслық хызметин әмелге асырыў тараўындағы функцияларын төмендеги топарларға бөлген ҳалда үйрениў мүмкин:

1) финанслық хызметти шөлкемлестириў бойынша улыўма функциялар. Финанс Министрлиги республика жыйналма финанслық балансы финанс ресурсларын қәлиплестириўдиң узақ мүддетли ҳәм қысқа

мүддетли истиқболларини тузиш, сондай-ақ, мақсадли бюджетдан ташқари жамғармаларын қәлиплестириўге тийисли ислерде қатнасады. Халық хожалығы тармақлары ҳәм аймақлар экономикасы ҳәм финансының аҳўалын анализлеў, министрликлер, комитетлер, уйымлар, жергиликли басқарыў уйымларына кәрхана, шөлкем ҳәм мекемелерде финанслық-экономикалық искерликти шөлкемлестириўде методикалық ҳәм әмелий жәрдем көрсетиў функциялары да солар қатарына тийисли.

2) Мәмлекет бюджети тараўындағы функциялар. Финанс министрлиги республика ҳәм жергиликли бюджетларин қәлиплестириўдиң жаңа усылларына тийкарланып бюджетти жобаластырыўды жетилистириў, республика ҳәм жергиликли бюджетлерден әмелге асырылатуғын қаржылар сметасын дүзиў, көрип шығыў, тастыйықлаў, оларды орынлаўдың улыўма қағыйдаларын белгилеў, мәмлекет бюджетиниң орынланыўы ҳаққындағы есабатты дүзиў ҳәм оны Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетине усыныў сыяқлы ўазыйпаларды орынлайды.

3) Пул айланысын шөлкемлестириў бойынша функциялар. Финанс Министрлиги Орайлық банк менен биргеликте мәмлекет пул системасын беккемлеў ҳәмде миллий валютаның сатып алыў қәбилетин асырыў бойынша илажларды ислеп шығыў ҳәм әмелге асырыўдан ибарат. Сондай-ақ, ол халық дәраматлары ҳәм қәрежетлерин тең-салмақлығын тәмийинлеў, сондай-ақ, республика мәмлекет ишки заёмларын шығарыў ҳәм орналастырыў жүзесинен зәрүр болган илажлар ҳаққында усыныслар таярлаў ҳәм оларды Ҳүкиметке усыныў ўазыйпаларын да әмелге асырады.

4) Баҳа сиясаты тараўындағы функциялар. Финанс Министрлиги министрликлер, комитетлер, уйымлар, бирлеспелер, компаниялар, кәрхана ҳәм шөлкемлар, жергиликли басқарыў уйымларының баҳа дөретиў мәселелери бойынша жумысын муўапықластырыўға қаратылған илажларды әмелге асырады. Финанс

Министрлиги жуўапкершилигине сондай-ақ, баҳалар дәрежеси ҳәм динамикасы, базарлардың аҳўалы ҳәм олардағы бәсеке, ўәзирликке бириктирилген өним, товарлар, ис ҳәм хызметлер номенклатурасы бойынша шегара баҳа ҳәм тарифлерди тастыйықлаўды комплексли анализлеўди турақлы түрде өткизиў ўазыйпасы да жүкленген.

5) Валютаны тәртипке салыў тараўындағы функциялар. Финанс Министрлиги бул тараўда республика валюта-финанс сиясатының тийкарғы принциплерин қәлиплестириў, мәмлекет валюта (төлем) балансын дүзиў ҳәм орынлаў, валюта ресурсларын көбейттириў ҳәм олардың ақылға сай бөлистирилиўин тәмийинлеў бойынша усыныслар ислеп шығады.

6) Шет ел инвестицияларын қатнастырыў бойынша функциялар. Финанс Министрлиги республика экономикасына шет ел инвестициялары ағып келиўи ушын қолайлы финанслық шәраятларды шөлкемлестириў бойынша илажларды ислеп шығады, республика Ҳүкимети тәрепинен мәмлекет жәмийетлик-экономикалық раўажланыў дәстүрлерин финансластырыў ушын шет ел инвестицияларын қатнастырыў мәселелерин шешиўде ҳүжжетлерди таярлаў ҳәм экспертиза өткизиўде тиккелей қатнасады.

7) Есап-китап жүритиў ҳәм есабатты шөлкемлестириў бойынша функциялар. Финанс Министрлиги бунда кәрхана, шөлкем ҳәм мекемелердиң бухгалтерия есабы ҳәм есабатына улыўма басшылық қылыў, сондай-ақ, бюджет мекемелериниң түрли дәрежедеги бюджетлери орынланыўы ҳаққындағы бухгалтерия есабатын жүритиў тәртиби ҳәм қаржылар сметаларын белгилеў сыяқлы әҳмийетли ўазыйпаларды орынлайды.

8) Финанслық қадағалаў тараўындағы функциялары. Финанс Министрлиги республика ҳәм жергиликли бюджетлерден қаржы менен тәмийинленетуғын кәрханалар, бирлеспелер, шөлкемлер ҳәм мекемелердиң финанс-хожалық хызметин қадағалайды ҳәм тексереди,

республика бюджетин дүзиў ҳәм орынлаў бойынша финанс уйымлары жумысын пүтинлей қадағалайды, зәрүрлик болғанда министрликлер уйымлар финанслық-хожалық жумысын қадағалайды ҳәм тексереди.

Финанс уйымларының жумысында ғазнашылық искерлиги әхмийетли орынды ий елейдии. Ғазнашылық искерлиги Өзбекистан Республикасының 2004 жыл 26-августта қабыл қылынған "Мәмлекет бюджетиниң ғазна орынлаўы ҳаққында"ғы нызамы[43], Өзбекистан Республикасы Президентиниң 2007жыл 28-февралдағы "Мәмлекет бюджетиниң ғазна орынланыўы системасын жәнеде раўажландырыў илажлары ҳаққында"ғы Қарары ҳәмде Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2007 жыл 20-марттағы 53-санлы Қарары[44] менен тастыйықланған "Өзбекистан Республикасы Финанс Министрлигиниң Ғазнашылық ҳаққындағы Реже" менен тәртипке салынады.

Ғазнашылық төмендеги тийкарғы ўазыйпаларды әмелге асырады:

-мәмлекет бюджетиниң касса орынлаўшысы; мәмлекет бюджети қаржыларының түсими ҳәм жумсалыўы үстинен қадағалаўды әмелге асырыў;

-мәмлекет бюджети қаржыларын басқарыў, жеке ғазна есап бетин ҳәм аймақлық ғазна есап бетин жүритиў;

- бюджет қаржылары алыўшының товар жеткизип бериўши (ис орынлаўшы, хызмет көрсетиўши) менен дүзилген шәртнамасын, сондай-ақ буйыртпашының мәмлекет бюджети қаржылары есабынан капитал қурылыс ушын дүзилген шәртнамасын мәжбүрий дизимнен өткизиў;

-мәмлекет бюджетине қайсы юридикалық яки физикалық шахслар ушын қаржылар нәзерда тутылган болса, сол юридикалық яки физикалық шахслар атынан ҳәм олардың тапсырмасына тийкарланып төлемлерди әмелге асырыў;

-мәмлекет бюджети ғазна орынланыўының бухгалтериялық есабатын

---

[43] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлис Ахборотномаси 2004 й. 9-сон, 164-модда.
[44] "Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами", 2007 йил, 12-сон, 109-модда.

жүритиў;

-мәмлекет бюджетиниң орынланыўы ҳаққындағы мағлыўматты жыйнаў, қайта ислеў, анализлеў ҳәм есабатты дүзиў;

-Өзбекистан Республикасының мәмлекет ишки ҳәм сыртқы қарызларына хызмет көрсетиў, Өзбекистан Республикасының кепилликлерин орынлаў.

Мәмлекет финанслық хызметин әмелге асырыўда Өзбекистан Республикасы Орайлық банки де салмақлы ўәкилликлерге ийе. Өзбекистан Республикасында базар экономикасы типиндеги банк системасының дүзилиўи ҳәм оның ҳуқықый тийкарларының қәлиплесиўи мәмлекетимизде әмелге асырылып атырған экономикалық реформалардың жүдә әҳмийетли нәтийжелеринен есапланады. Сондай-ақ, жана банк системасы ҳәм оның ҳуқықый тийкарларынын қәлиплесиўи экономикалық реформаларды басқышпа-басқыш әмелге асырыў шәрти есапланады.

Жәҳән экономикалық кризиси күшейип баратырған ҳәзирги шәраятта банк-финанс системасы жумысын беккемлеў ҳәм сыпаты жағынан жақсылаў айрықша әхмийетке ийе.

Өзбекистан Республикасы банк системасының жағдайы ҳәм динамикасы, коммерциялық банклер хожалық жағынан ғәрезсиз болсада, көп тәрептен Өзбекистан Республикасы Орайлық банки сиясаты менен белгиленеди.

Мәмлекет басқарыў уйымы сыпатында Өзбекистан Республикасы Орайлық банки ҳуқықый статусы тийкарлары әўеле, Өзбекистан Республикасы Конституциясының 124-статьясында белгиленген. Оған тийкарланып, "Өзбекистан Республикасының банк системасын Республика Орайлық банки басқарады".

Өзбекистан Республикасының Орайлық банкисиниң банк тараўындағы мәмлекет уйымы сыпатындағы ўәкилликлери 1995 жыл 21-декабрде қабыл қылынған "Өзбекистан Республикасының Орайлық банки ҳаққында"ғы Нызамда[45] беккемленген.

---

[45] Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Ахборотномаси. - 1995. - №12. - 247-модда.

Орайлық банкиниң бас мақсети миллий валютаның турақлылығын тәмийинлеўден ибарат болып, усы мақсетке ерисиўде ол мәмлекет финанслық хызметиниң қурамлы бөлеги болған төмендеги ўазыйпаларды әмелге асырады:

-монетар сиясатты ҳәмде валютаны тәртипке салыў тараўындағы сиясатты қәлиплестиреди, қабыл қылады ҳәм әмелге асырады;

-Өзбекистан Республикасында есап - китаплардың нәтийжели системасын дүзеди ҳәм тәмийинлейди;

-банклер, кредит бирлеспелери, микрокредит шөлкемлери ҳәм гиреўханалар хызметин лицензиялайды, тәртипке салады ҳәмде қадағалайды, қымбат баҳалы қағазлар бланкалары ислеп шығарыўды лицензиялайды;

-Республиканың рәсмий алтын-валюта резервлерин, келисимге тийкарланып ҳүкимет резервлерин қосқан ҳалда, сақлайды ҳәм реализация етеди; мәмлекет бюджетиниң касса орынланыўын Финанс Министрлиги менен биргеликте шөлкемлестиреди.

Өзбекистан Республикасы Орайлық банкиниң мәмлекет басқарыў уйымы сыпатындағы ҳуқықый жағдайы басқа мәмлекет уйымларына сай болмаған бир неше өзине сай тәреплери менен сыпатланады, бул оның мақсет ҳәм ўазыйпаларында өз сәўлелениўин табады.

Өзбекистан Республикасы Орайлық банкиниң өзине сай өзгешеликлери сыпатында оның экономикалық жақтан ғәрезсиз мекеме есапланыўы ҳәмде оның тиккелей Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилисине есап беретуғынлығын айтыўымыз мүмкин.

Усы тараўдағы шет ел мәмлекетлериниң Орайлық банкке тийисли нызамларын анализлеў барлық мәмлекетлерде Орайлық банклер юридикалық шахс статусына ийе екенлигин көрсетеди. Айырым мәмлекетлерде Орайлық банктиң юридикалық шахс статусына ийе болыўы айтылыўы менен шекленсе (мәселен, Япония банки), басқа мәмлекетлерде банктиң мүлкке ийелик етиў ҳәм пайдаланыў бойынша ўәкилликлери де

нәзерде тутылған (АҚШ Нызамлар жыйнағы 341-бөлими).

Орайлық банктиң юридикалық шахс сыпатындағы тәрийпи дерлик барлық Европа мәмлекетлери нызамшылыгы ушын да сай келеди. Европа Орайлық банки ҳәмде орайлық банклердиң европа системалары статусы ҳаққындағы Баянламаның 9-бәнтине муўапық, усы банк юридикалық шахс болыўы, ҳәр бир ағза-мәмлекетте сол мәмлекет нызамшылығына тийкарланып юридикалық шахсларға усыныс етилген кең түрдеги ҳуқықлардан толық пайдаланыўы лазым. Бул атап айтқанда, көшер ҳәм көшпес мүлкке ийелик етиўи, мүлк ҳуқықы тийкарында пайдаланыўға, суд процессинде тәреп сыпатында қатнасыўға ҳақылы. ҒМДА көлеминде дүзилген Мәмлекетлер аралық банк де юридикалық шахс статусына ийе.

Өзбекистан Республикасы Орайлық банкинниң ҳуқықый статусы "Өзбекистан Республикасының Орайлық банки ҳаққында"ғы нызамның 1-статьясына муўапық, Орайлық банк юридикалық шахс есапланады ҳәм ол мәмлекеттиң тийисли мулки. Орайлық банк - өзиниң жумсатуғын қаржыларын өзиниң дәраматлары есабынан әмелге асырыўшы, экономикалық жақтан ғәрезсиз мекеме есапланады.

Орайлық банктиң юридикалық шахс сыпатындағы өзине сай өзгешелиги мәмлекет ҳәм банк мүлкиниң ажратылғанлығы менен де түсиндириледи. Орайлық банк ҳақыйқаттан да мәмлекетке толық түрде тийисли болса-да, өз мүлкине мүлдар сыпатында ийелик етеди. Қағыйда түринде Орайлық банк хызмети мәмлекет бюджетинен финансластырылмайды, яғный банк қәрежетлери өз қаржылары есабынан өндириледи.

Ҳуқықый статусына көре, Өзбекистан Республикасы Орайлық банки хожалық хызмети менен шуғылланыўы да мүмкин болсада, ол бундай хызметти әмелге асырар екен, коммерциялық максетти – пайда алыўды гөзлемейди. Орайлық банктиң хожалық хызмети оның функциялары көлеминде әмелге асырылады ҳәмде әўеле оның алдында турған ўазыйпаларды шешиўге қаратылған болады.

Өзбекистан Республикасының 1998 жыл 29-августтағы 681-1-санлы "Өзбекистан Республикасының айырым нызам ҳүжжетлерине өзгерислер ҳәм қосымшалар киритиў ҳаққында"ғы нызамы қабыл қылынғанға шекем Өзбекистан Республикасы Орайлық банкиниң өз ўәкиллиги көлеминде шығарған ҳүжжетлери басқа уйымларда дизимнен өткизилмес еди. Енди болса, Орайлық банк ҳүжжетлери ҳуқықый экспертизадан ҳәмде нызамда белгиленген тәртипте мәмлекетлик дизимнен өткизилиўи лазым.

Өзбекистан Республикасы Орайлық банкиниң банк жумысын тәртипке салыў тараўындағы тийкарғы функцияларына төмендегилер киреди:

1) банклер хызметин лицензиялаў;

2) мәжбүрий запас талапларын белгилеў;

3) экономикалық нормативлерди орнатыў;

4) банклер жумысын тәртипке салыў ҳәм қадағалаў.

Соған муўапық, Өзбекистан Республикасы Орайлық банки комплексли ҳуқықый институт сыпатында айрықша ҳуқықый тәбиярқа ийе болып, бул оның мәмлекет уйымы ҳәмде банк мекемеси сыпатында олардың айрықша тәреплерин өзинде сәўлелендириўи менен белгиленеди. Бунда тек ғана оның айрым тәреплери ҳаққында сөз етиў мүмкин, ҳақыйқаттан да, қатаң ҳуқықый көз қарастан алып қарағанда Орайлық банк олардан ҳеш бирине тийисли емес. Мәмлекет уйымы сыпатында Өзбекистан Республикасы Орайлық банки мәмлекет ҳәкимияты ўәкилликлерине ийе. Соның менен бирге пуқаралық-ҳуқықый айланыста тийисли қатнасықлар тәрепи сыпатында актив қатнасады. Айырым раўажланған мәмлекетлерде Орайлық банклер көбирек мәмлекет уйымына жақын болса, басқаларында керисинше, бирақ олардың барлығында Орайлық банктиң ҳуқықый тәбиятындағы еки тәреплемелик гүзетиледи.

Шет ел мәмлекетлери нызамшылығында Орайлық банктиң шөлкемлестириўшилик формасы ҳаққында мәселе ҳәр қыйлы шешилген. Атап айтсақ, Германия Федератив Республикасының "Федерал банк

ҳаққында"ғы нызамында Дойче Бундесбанк ғалабалық ҳуқық корпорациясы екенлиги; "Португалия банки ҳаққында"ғы нызамда болса, банк ғалабалық ҳуқықый шахс болып, ҳәкимшилик-финанслық ғәрезсизликке ҳәмде өз мүлкине ийе екенлиги беккемленген.

АҚШда федерал жамғарма системасы ғәрезсиз агентлик формасы дүзилген болып, пуқаралық нызамшылығында нәзерде тутылмаған айрықша өзине сай ғалабалық ҳуқықый форма саналады.

"Финляндия банки ҳаққында"ғы нызамда болса, Финляндия Орайлық банки - ғалабалық ҳуқықтың ғәрезсиз субъекти екенлиги көрсетилген. Орайлық банктиң ғалабалық-ҳуқықый тәбияты ҳаққында Швецияның Орайлық банки - "Риксбанк ҳаққында"ғы нызамда да айтылған. Сондай-ақ, "Япония банки ҳаққында"ғы нызамда да банк хызметиниң мүлкиниң ғалабалық тәбияты тән алынады.

Францияда да 1980-жылларда әмелге асырылған реформалар нәтийжесинде, Франция Орайлық банкиниң Экономика ҳәм финанс Министрлиги менен финанс системасының айрықша машқалалары ҳәм мәселелери бойынша байланыслары сезилерли дәрежеде күшейтирилди ҳәмде усы мәмлекетте Орайлық банктиң ғалабалық-ҳуқықый тәбиятының дәлийли болады.

Бир қатар мәмлекетлерде, атап айтсақ Швейцария ҳәм Бельгияда Орайлық банк акционерлик жәмийети формасында дүзилген, сондай-ақ, Австрия, Греция, Нидерландия мәмлекетлеринде де Орайлық банк жеке ҳуқық тәсиринде дүзилген.

Ҳәзирги ўақытта Польша ҳәм Чехия нызамшылығында Орайлық банктиң ҳуқықый статусы аниқ белгиленбеген (қайсы шөлкемлесиўшилик-ҳуқықый формасына тийислилиги көрсетилмеген). Венгрияның "Венгрия Миллий банки ҳаққында"ғы нызамында болса, усы банктиң жуўапкершилиги шекленген жәмийет сыпатында ҳәрекет қылыўы нәзерде тутылған (бирақ банктиң рәсмий атыда, шөлкемлесиўшилик-ҳуқықый фомасыда көрсетилмейди).

Айырым ҒМДА мәмлекетлери нызамларында  Орайлық банклердиң шөлкемлесиўшилик-ҳуқықый формасы яки ғалабалық-ҳуқықый тәбияты ҳаққында туўрыдан-туўры көрсетпелер бар.

Атап айтсақ, "Қазақстан Республикасының Миллий банки ҳаққында"ғы нызамына муўапық, бас банк мәмлекет мекемеси формасында дүзилген (6-статья). "Украйна Миллий банки ҳаққында"ғы нызамға тийкарланып болса, Украйна бас банки мәмлекет басқарыўының арнаўлы орайлық уйымы болып,  ҳуқықый статусы, ўазыйпалары, функция ҳәм ўәкилликлери Украйна Конституциясы, "Украйна Миллий банки ҳаққында"ғы нызам ҳәм басқа да нызамлар менен тәртипке салынады (2-статья). Молдова  Республикасы нызамшылығында болса, Молдова Орайлық банки ғәрезсиз ғалабалық-ҳуқықый юридикалық шахс екенлиги тән алынған[46].

Қысқаша айтқанымызда, Орайлық банк де мәмлекет уйымына сай болған айырым өзгешеликлерге (мәмлекет ҳәкимияты ўәкилликлерине ийе екенлиги, нызам дөретиўшилик искерлиги менен шуғыйўланыўы, қадағалаў жумысын әмелге асырыўы ҳәм басқалар), сондай-ақ юридикалық шахс сыпатында өзине сай тәреплерге ийе болған (өзиниң жумсаған қаржыларын  дәраматлары есабынан әмелге асырылыўы, экономикалық жақтан ғәрезсизлиги), демек еки тәреплеме ҳуқықый тәбияты менен сыпатланыўшы мекеме есапланады.

Сонлықтанда Орайлық банк хызметиниң ҳуқықый тийкарларын жетилистириў бойынша айырым пикирлеўлерди келтирип өтсек. Сондай-ақ, "Орайлық банк ҳаққында"ғы нызамның Орайлық банк басқарыўының мәжилислерине арналған 18-статьясында басқарыў мәжилислерине Орайлық банк Баслығы, ол болмаған жағдайда  орынбасарларынан бири басшылық қылады деп белгиленген болып, ҳәзирги ўақытта усы статьяның кейинги бөлиминде даўыслар тең болған жағдайда Орайлық банк Баслығының даўысы шешиўши есапланады, - деп көрсетилген. Усы мәселе

---

[46] Билолхужаева Ш. Кўрс. асар. - Б. 102-104.

бойынша Орайлық банк Баслығы басқарыў мәжилисинде қатнаспаған болсада тийисли мәселе бойынша шешиўши даўысқа ийе болып қала бередиме,- деген тәбийий сораў туўылады. Нызамдағы усы кемшиликти сапластырыў мақсетинде усы статьядағы "Даўыслар тең келген жағдайда Орайлық банк Баслығының даўысы шешиўши есапланады", - деген қатарды "Даўыслар тең келген жағдайда Орайлық банк басқарыўына басшылық етиўшиниң даўысы шешиўши есапланады"- деген редакцияда өзгерттириў мақсетке муўапық болады.

Өзбекистан Республикасында салықлар ҳәм басқа мәжбүрий төлемлердиң бюджетке толық ҳәм өз ўақтында түсиўин тәмийинлеў мақсетинде мәмлекетлик салық хызмети уйымлары дүзилген. Мәмлекетлик салық хызмети уйымларының жумыс алып барыўы Өзбекистан Республикасы Конституицясы, Өзбекистан Республикасы Салық кодекси, "Мәмлекетлик салық хызмети ҳаққында"ғы, "Бюджет системасы ҳаққында"ғы нызамлар ҳәм басқа да нызам ҳүжжетлери менен тәртипке салынады.

Өзбекистан Республикасы Конституицясының 123-статьясында Өзбекистан Республикасы аймағында жеке салық системасы әмел қылыўы белгиленген.

Мәмлекет финанслық хызмети процессинде мәмлекет пул қаржыларын шөлкемлестириўде жүзеге келетуғын жәмийетлик қатнасықларды тәртипке салыўшы тийкарғы нормативлик ҳүжжетлерден бири - Өзбекистан Республикасының 2007-жыл 25-декабрде қабыл қылынған Салық кодекси болып, усы Кодекс салықлар ҳәм басқа мәжбүрий төлемлерди белгилеў, жәриялаў, есаплап шығарыў ҳәмде Өзбекистан Республикасының мәмлекетлик бюджетине ҳәм мәмлекет мақсетли жамғармаларына төлеў менен байланыслы қатнасықларды, сондай-ақ салық миннетлемелерин орынлаў менен байланыслы қатнасықларды тәртипке салады.

Өзбекистан Республикасының салық ҳаққындағы нызам ҳүжжетлери

салық салыўдың мәжбүрийлиги, анық екенлиги, әдиллиги, салық системасының жеккелиги, салық ҳаққындағы нызам ҳүжжетлериниң әшкаралағы ҳәм салық төлеўшиниң ҳақлығы презумпциясы принциплерине тийкарланады.

Салық кодексине тийкарланып, салықлар ҳәм басқа мәжбүрий төлемлер тараўында ўәкилликли уйымлар қатарына төмендегилер киреди:

1) мәмлекетлик салық хызмети уйымлары - Өзбекистан Республикасы Мәмлекетлик салық комитети, Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қалалық мәмлекетлик салық басқармалары, сондай-ақ районлар, қалалар ҳәм қаладағы районлар мәмлекетлик салық инспекциялары;

2) бажыхана уйымлары - Өзбекистан Республикасы Мәмлекетлик бажыхана комитети, Мәмлекетлик бажыхана комитетиниң Қарақалпақстан Республикасы, ўәлаятлар, Ташкент қаласы бойынша басқармалары, бажыхана комплекслери ҳәм бажыхана постлары;

3) финанс уйымлары - Өзбекистан Республикасы Финанс Министрлиги, Қарақалпақстан Республикасы Финанс Министрлиги, ўәлаятлар ҳәм Ташкент қаласы ҳәкимликлериниң финанс басқармалары, район ҳәм қала ҳәкимликлериниң финанс бөлимлери;

4) басқа мәжбүрий төлемлерди өндириў ўазыйпасын әмелге асырыўшы мәмлекет уйымлары ҳәм шөлкемлери.

Мәмлекетлик салық хызмети уйымлары жумысының тийкарғы бағдарларынан бири - салық қадағалаўы болып, салық қадағалаўының салық төлеўшилерди, салық салыў объектлерин ҳәм салық салыў менен байланыслы объектлерди есапқа алыўдың, сондай-ақ салық ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерине бойсыныўды қадағалаўшы жеке системасынан ибарат. Салық қадағалаўы мәмлекетлик салық хызмети уйымлары тәрепинен салық төлеўшилерди, салық салыў объектлерин ҳәм салық салыў менен байланыслы объектлерди, бюджетке ҳәм мәмлекеттиң мақсетли жамғармаларына түсетуғын түсимлерди есапқа алыў, салық

тексериўи қуралында ҳәмде салық ҳаққындағы нызам ҳүжжетлеринде белгиленген басқа формаларда әмелге асырылады.

Мәмлекетлик салық хызмети уйымларының тийкарғы ўазыйпалары төмендегилерден ибарат:

- мәмлекетлик салық сиясатын әмелге асырыў ҳәмде салық ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерине бойсыналыўын, салықлардың дурыс есаплап шығарылыўы, толық ҳәм өз ўақтында төлениўи үстинен қадағалаўды тәмийинлеў;

- салықлардың салық ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерине муўапық Өзбекистан Республикасы Мәмлекетлик бюджетине, мәмлекеттиң мақсетли жамғармалары ҳәмде бюджеттен тыс жамғармаларға толық ҳәм өз ўақтында түсиўин тәмийинлеў;

- салықлар топланыўын асырыў бойынша илажлар көриў, мағлыўматлар компьютер базасының жеке системасын жүритиў тийкарында салық төлеўшилерди есапқа қойыў механизмлерин жетилистириў, оларға көрсетилетуғын мағлыўмат-мәсләҳәт хызметлери саласын кеңейттириў, салықларға тийисли ҳуқықбузыўшылықтың алдын-алыў, оларды анықлаў ҳәм сапластырыў бойынша комплексли илажларды әмелге асырыў;

- пул қаржыларының нызамсыз айланысы дереклерин тоқтатыў, халық пенен пуллы есап-китапларды әмелге асырыўшы юридикалық ҳәм физикалық шахслар тәрепинен нақ пул түсиминиң толық ҳәм өз ўақтында тапсырылыўы бойынша турақлы қадағалаўды тәмийинлеў;

- хожалық жүритиўши субъектлер, юридикалық ҳәм физикалық шахслардың хызметин хошаметлеўге, оларға зәрүр жеңилликлер ҳәм преференциялар бериўге тийисли нызам ҳүжжетлерин жетилистириў бойынша усыныслар киритиў;

- базарлар ҳәм саўда комплекслериниң финанслық-хожалық искерлиги, олар тәрепинен салық ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерине бойсынылыў үстинен қадағалаўды әмелге асырыў.

Бизиң пикиримизше, финанс - бул мәмлекет ҳәм жәмийет мәплерин қанаатландырыў ушын зәрүрли болған пул қаржылары жамғармаларын шөлкемлестириў, бөлистириў ҳәм пайдаланыў менен байланыслы болған экономикалық қатнасықлар системасы болып табылады. Финанс қурамына кириўши ҳәр қыйлы буйынлардың жыйнағы өз-ара байланыслылықта финанслық системаны қурайды. Мәмлекеттиң өзиниң ўазыйпа ҳәм функцияларын әмелге асырыўды пул менен тәмийинлеў мақсетинде мәмлекет пул қаржылары жамғармаларын шөлкемлестириў, бөлистириў ҳәм пайдаланыў бойынша искерлиги  мәмлекеттиң финанслық хызмети болып, оны әмелге асырыў ушын мәмлекет тәрепинен финанслық система ҳәмде мәмлекет уйымлары системасы көринисинде финанслық инфрадүзилме қәлиплестириледи.

## ЖУЎМАҚЛАЎ

Өзбекистан Республикасында мәмлекеттиң финанслық хызметин әмелге асырыў ҳәм оны ҳуқықый тәртипке салыў мәселелерин анализ қылыў арқалы төмендеги илмий-әмелий жуўмақлар, тийисли нызам ҳүжжетлерин жетилистириў бойынша пикир ҳәм усыныслар ислеп шығылды:

1. Финанс - бул мәмлекет ҳәм жәмийет мәплерин қанаатландырыў ушын зәрүрли болған пул қаржылары жамғармаларын шөлкемлестириў, бөлистириў ҳәм пайдаланыў менен байланыслы болған экономикалық қатнасықлар системасы болып табылады.

Финанс қурамына кириўши ҳәр қыйлы буйынлардың жыйнағы өз-ара байланыслылықта финанслық системаны қурайды. Мәмлекеттиң өзиниң ўазыйпа ҳәм функцияларын әмелге асырыўды пул менен тәмийинлеў мақсетинде мәмлекет пул қаржылары жамғармаларын шөлкемлестириў, бөлистириў ҳәм пайдаланыў бойынша искерлиги мәмлекеттиң финанслық хызмети болып, оны әмелге асырыў ушын мәмлекет тәрепинен финанслық система ҳәмде мәмлекет уйымлары системасы көринисинде финанслық инфрадүзилме қәлиплестириледи.

2. Мәмлекеттиң финанслық хызметине төмендеги өзгешеликлер сай:

бириншиден, бул мәмлекет тәрепинен әмелге асырылатуғын мәмлекет, мәмлекет хожалық шөлкемлери (мәмлекет унитар кәрханалары ҳәм мәмлекет мекемелери) искерлиги түри;

екиншиден, финанслық хызмет мазмунында мәмлекет ўазыйпа ҳәм функцияларын пул менен тәмийинлеў мақсетинде пул қаржылары жамғармаларын шөлкемлестириў, бөлистириў ҳәм пайдаланыў процесслери анықланады;

үшиншиден, усы хызмет мәмлекет тәрепинен экономикалық ҳәм экономикалық емес (тийкарынан финанслық-шөлкемлестириўшилик) қатнасықлардан пайдаланған ҳалда әмелге асырылады.

Мәмлекет финанслық хызмети процессинде тек финанслық-ҳуқықый емес, ал пуқаралық, мийнет, халықаралық-ҳуқықый ҳәм басқа түрдеги ҳуқықый қатнасықлар пайда болады. Нәтийжеде "мәмлекет финанслық хызметин ҳуқықый тәртипке салыў" өзинде комплексли ҳуқықый институтты сәўлелендиреди;

төртиншиден, мәмлекет пул қаржылары жамғармаларын шөлкемлестириў, бөлистириў ҳәм пайдаланыў процесслерин жүзеге шығарыў ушын финанслық инфрадүзилмени (яғный мәмлекет финанслық системасын ҳәм усы хызметти әмелге асырыў ўазыйпасы жүкленген мәмлекет уйымлары системасын) қәлиплестириў лазым.

3. Финанс ҳуқықы пәнинде мәмлекет финанслық хызмети үш ҳәкимият тармағы: нызамшылық, атқарыў ҳәм суд уйымлары тәрепинен өз ўәкилликлери көлеминде әмелге асырылыўы байланыслы мәмлекет хызметиниң айрықша түри сыпатында көриледи.

Мәмлекет финанслық хызмети әўеле, мәмлекет пул қаржылары жамғармаларын шөлкемлестириў, бөлистириў ҳәм пайдаланыўға бағдарланылған улыўма ҳәм арнаўлы ўәкилликли мәмлекет уйымларының искерлиги болып табылады.

Улыўма ўәкилликли мәмлекет уйымлары - мәмлекет ҳәкимияты ўәкиллик ҳәм атқарыў уйымлары улыўма алғанда финанс, бюджет, салық, пул-кредит системасына басшылық етеди, қамсызландырыў, валюта, пул айланысын тәртипке салыўды шөлкемлестиреди. Олар қатарына Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилиси ҳәм Халық депутатлары ўәлаят, район, қалалық Кеңеслери, Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинети ҳәм жергиликли атқарыў аппаратын киритиў мүмкин.

Арнаўлы ўәкилликли мәмлекет уйымлары сыпатында болса, Өзбекистан Республикасы Финанс Министрлиги, Өзбекистан Республикасы Орайлық банки, Өзбекистан Республикасы Есап палатасы ҳәм басқалар жумыс алып барады.

4."Өзбекистан Республикасының Орайлық банки ҳаққында"ғы

нызамының 1-статьясы Орайлық банктиң ҳуқықый статусын белгилеп бериўге қаратылған болып, бунда Орайлық банктиң мәмлекет уйымы сыпатындағы статусы көрсетилип өтилмеген.

Өзбекистан Республикасының 2003-жыл 11-декабрде қабылланған "Валютаны тәртипке салыў ҳаққында"ғы нызамының 10-статьясында "Өзбекистан Республикасы Орайлық банки Өзбекистан Республикасында валютаны тәртипке салыўшы мәмлекет уйымы" болып есапланады, деп көрсетилген.

"Өзбекистан Республикасының Орайлық банки ҳаққында"ғы нызам(1,3,7-ҳәм басқа статьялары мазмуны)ына тийкарланып Өзбекистан Республикасы Орайлық банки жуўапкершилигине басқарыў функциялары, сондай-ақ, басшылық етиў, лицензиялаў, тәртипке салыў, қадағалаў, орынлай ҳәм буйрык бериў сыяқлы функциялар жүклетилген. Усы жағдай Орайлық банкти басқарыў уйымлары системасына киритиўге тийкар болады. Бирақ басқа мәмлекет басқарыў уйымларынан айырмашылығы өзине сай өзгешеликке ийе екенлиги, яғный Орайлық банк Өзбекистан Республикасы Олий Мәжилиси Сенаты алдында есап береди.

## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ:

### 1. Баслы әдебиятлар:

1.1. Каримов И.А. Хавфсизлик ва барқарор тараққиёт йўлида. Т.6. - Тошкент: Ўзбекистон, 1998. - 429 6.

1.2. Каримов И.А. Кучли давлатдан кучли жамият сари. - Тошкент; Шарқ, 1998. -1046.

1.3. Каримов И.А. Биз келажагимизни ўз қўлимиз билан қурамиз. Т.7. -Тошкент: Ўзбекистон, 1999. -4106.

1.4. Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт - пировард мақсадимиз. Т.4. - Тошкент: Ўзбекистон, 2000. - 525 б.

1.5. Каримов И.А. Биз танлаган йўл-демократик тараққиёт ва маърифий дунё билан хамкорлик йули. Т.11. - Тошкент: Ўзбекистон, 2003. -3206.

1.6. Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз-жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир. - Тошкент: Ўзбекистон, 2005. - 96 б.

1.7. Каримов И.А. Асосий вазифамиз - Ватанимиз тараққиёти ва халқимиз фаровонлигини янада юксалтиришдир. - Тошкент: Ўзбекистон, 2010.-Б. 41-48.

1.8. Каримов И.А. Юксак маънавият енгилмас куч. - Тошкент: Маънавият, 2008. - 176 б.

1.9. Каримов И.А. Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари. - Тошкент: Ўзбекистон, 2009. - 56 б.

1.10. Каримов И.А. Асосий вазифамиз - ватанимиз тараққиёти ва халқимиз фаровонлигини янада юксалтиришдир. - Тошкент: Ўзбекистон, 2010.-806.

1.11. Каримов И.А Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси. -Тошкент: Ўзбекистон, 2011. - 55 6.

1.12. Каримов И.А. Демократик ислоҳотларни янада чукурлаштириш ва фуқаролик жамиятини шакллантириш — мамлакатимиз тараққиётининг асосий мезонидир. Т.19. - Тошкент: Ўзбекистон, 2011. - Б. 360.

1.13. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида.- Тошкент: Ўзбекистон, 2011. - 440 б.

1.14. Каримов И.А. Инсон манфаати, ҳуқуқ ва эркинликларини таъминлаш, ҳаётимизнинг янада эркин ва обод бўлишига эришиш-бизнинг бош мақсадимиздир. Ўзбекистон Республикаси Конституциясига 20 йиллигига бағишланган тантанали маросимидаги маърузаси. –Халқ сўзи газетаси, 8-декабрь, 2012, №239.

1.15. Каримов И.А. Бош мақсадимиз–кенг кўламли ислоҳотлар ва модернизация йўлини қатъият билан давом эттириш. Ўзбекистон Республикаси Президенти Ислом Каримовнинг 2012 йилда мамлакатимизни ижтимоий-иқтисодий ривожлантириш якунлари ҳамда 2013 йилга мўлжалланган иқтисодий дастурнинг энг муҳим устувор йўналашларга бағишланган Вазирлар Маҳкамасининг мажлисидаги маърузаси. // Халқ сўзи, 2013 йил 19 январь, №13 (5687).

1.16.Каримов И.А. Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлиси Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қушма мажлисидаги маърузаси. // Халқ сўзи, 2015 йил 24 январь, №16 (6199).

**2. Нормативлик - ҳуқықый ҳүжжетлер:**

2.1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. -Тошкент: Ўзбекистон, 2014.

2.2. Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы. Нөкис. 2014.

2.3.Ўзбекистон Республикасининг Бюджет кодекси. 2014.

2.4.Ўзбекистон Республикасининг Маъмурий жавобгарлик тўғрисидаги кодекси. Ўзбекистон Республикаси 22.09.1994 й. 2015-ХП-сон Қонуни билан тасдиқланган. Кейинги қўшимча ва ўзгартиришлар билан биргаликда.

2.5. Маҳаллий давлат ҳокимияти тўғрисидаги Ўзбекистон Республикасининг 1993 йил 2 сентябр Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси, 1993, №9, 320-м.

2.6. Ўзбекистон Республикасининг Олий Мажлиси тўғрисидаги 1994 йил 22 сентябр Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси, 1994, №10, 50-м.

2.7. Ўзбекистон Республикасининг Марказий банки тўгрисидаги 1995 йил 21 декабр Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг Ахборотномаси, 1995, №12, 247-м.

2.6. Банклар ва банк фаолияти тўғрисидаги Ўзбекистон Республикасининг 1996 йил 25 апрел Қонуни // Узбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1996, №5-6, 54-м.

2.7.Давлат божхона хизмати тўғрисидаги Ўзбекистон Республикасининг 1997йил 29 август Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1997, №9, 230-м.

2.8. Давлат солиқ хизмати тўғрисидаги Ўзбекистон Республикасининг 1997 йил 29 август Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 1997, №9, 232-м.

2.9. Бюджет тизими тўғрисидаги Ўзбекистон Республикасининг 2000 йил 14 декабр Қонуни // Ўзбекистон Республикаси Олий Мажлисининг Ахборотномаси, 2001, №1-2, 6-м.

2.10. Ўзбекистон Республикаси Президентининг "Бозор ислоҳотларини чуқурлаштириш ва иқтисодиётни янада эркинлаштириш соҳасидаги устувор йўналишлар амалга оширилишини жадаллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида"ги 2005 йил 14 июн Фармони // Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2005, № 23-24, 166-модда.

2.11. Ўзбекистон Республикаси Президентининг "Тадбиркорлик субъектларини ҳуқуқий ҳимоя қилиш тизимини янада такомиллаштириш чора-тадбирлари тўғрисида" 2005 йил 14 июн Фармони // Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2005, № 23-24, 167-модда.

**3. Арнаўлы әдебиятлар:**

3.1.Асадов А.М. Правовое обеспечение организации финансовой деятельности государства // Современное право. - 2005. - №6. - С. 11-12.

3.2. Ахмедшаева М. Инсон ҳуқуқларини таъминлашда ижро ҳокимиятининг ўрни // ТДЮИ Ахборотномаси. - 2008. - №5.

3.3. Бахрах Д.Н. Административное право. Часть 1. - Екатеринбург, 1996.

3.4. Билолхужаева Ш. Конституционные основы банковского права // Вестник ТГЮИ. - 2008. - №6. - С. 53.

3.5. Билолхужаева Ш. Правовая природа Центрального банка Республики Узбекистан: сравнительно-правовой анализ // Вестник ТГЮИ. -2008.-№7.-С.100-104.

3.6. Билолхўжаева Ш. Бюджетное право Республики Узбекистан. Учебное пособие. - Ташкент: ТГЮИ, 2008.

3.7. Веремеенко И.И. К вопросу о предмете финансового права // "Актуальные вопросы административного и финансового права": Сборник научных трудов. Вып. 2. - М: МГИМО (У) МИД России, 2004. - С. 12.

3.8. Дўстов У. Банк операциялари: умумий тавсифи ва такомиллаштириш муаммолари // ТДЮИ Ахборотномаси. - 2009. - №3. - Б. 70.

3.9. Емельянов А.С. Финансовое право. - М., 2002.

3.10. Карасева М.В. Финансовое право. Общая часть: Учебник. - М.: Юристь, 2000.

3.11. Қодиров У. Давлатнинг иқтисодий функцияси ва уни такомиллаштириш масалалари // ТДЮИ Ахборотномаси. - 2009. - №6. - Б. 42-44.

3.12. Крохина Ю.А. Финансовое право России. Учебник для вузов. -М.:Норма,2008.

3.13. Ли А. Ўзбекистон Республикаси молия ҳуқуқи. Дарслик / Масъул муҳаррир: М.Ҳ.Рустамбаев. Тўлдирилган 2-нашри. - Тошкент:

ТДЮИ, 2006.

3.14. Ли А., Билолхўжаева Ш. Банковское право Республики Узбекистан. Учебное пособие / Отв. ред. проф. М.Х.Рустамбаев. - Ташкент: ТГЮИ, 2005.

3.15. Маликова Г. Фуқаролар ўзини ўзи бошқариш органлари фаолиятининг молиявий асосларини конституциявий-ҳуқуқий такомиллаштириш масалалари // ТДЮИ Ахборотномаси. - 2008. - №6.

3.16. Муллажонов Ф. Банк тизимидаги ислоҳотларни чуқурлаштириш - устивор вазифамиз // Бозор, пул ва кредит. - 2004. - №8. - Б. 3-11.

3.17. Мухаммадиев А. Давлат фуқаролик ҳуқуқий муносабатнинг тенг иштирокчиси тамойили // ТДЮИ Ахборотномаси. - Тошкент, 2010. - №2.

3.18. Рахимова А.А., Хожиев Э.Т. Молия ҳуқуқи. - Тошкент, 2002.

3.19. Тимакова Т.Г. К вопросу о понятии финансовой деятельности государства / Актуальные проблемы финансового права. - Саратов, 2003.

3.20. Финансовое право. Учебник / Под ред. Н.И.Химичевой. - М., 2003.

3.21. Финансовое право: Учебник / Отв. ред. Е.Ю.Грачева, ГЛ.Толстопятенко. - М., 2004.

3.22. Ҳакимов Р. Жамиятни демократлаштириш ва мамлакатни модернизация қилиш шароитида парламент ва ижро этувчи ҳокимиятнинг ўзаро муносабатлари // ТДЮИ Ахборотномаси. - 2008. - №8. - Б.12.

3.23. Хван Л.Б. Налоговое право. - Ташкент, 2001.

3.24. Хожиев Э. Ўзбекистон Республикасида солиқ тизимини тартибга солишнинг конституциявий асослари // ТДЮИ Ахборотномаси. - 2008. - №6. -Б.55.

3.25. Ҳожиев Э., Хамидов А. Давлатнинг молиявий фаолияти.

Илмий-оммабоп рисола. - Тошкент: ТДЮИ, 2007.

3.26. Худяков А.И. Финансовое право Республики Казахстан. Особенная часть. Алматы, 2002.

## 4. Интернет материаллары

1. http://lex.uz
2. http://www.press-service.uz
3. http://www.gov.uz
4. http://www.ksu.uz
5. http://www.minjust.uz
6. http://ziyonet.uz
7. http://uza.uz